

ADMINISTRASYON RESOUZIMÈN VIL NEW YORK

Avi Sou Odyans Piblik ak Posibilite pou Ou Kòmante Règ nou Pwopoze a

Kisa nou pwopoze? Administrasyon Resouzimèn Vil New York (HRA) pwopoze modifiye Tit 68 Règ Vil New York yo. Modifikasyon nou pwopoze yo se ogmante lwaye maksimòm pou apatman CityFHEPS ak chanm endividyèl tousuit lè nou fikse yo selon nòm Atik 8 Otorite Lojman Vil New York adopte a. HRA pwopoze kreye yon vèsyon pwojè CityFHEPS tou ki ap pèmèt Vil la bay gwoup moun ki rete nan menm kay ki prale nan lojman pèmanan òganizasyon ki pa pou fè pwofi jere sou kontra ak Vil la èd dirab pou lwaye. Modifikasyon nou pwopoze yo se elimine chapit ak souchapit ki demode ki jere pwogram èd pou lwaye ki pa egziste ankò jodi a; modifiye chapit ki jere pwogram LINC VI, CityFHEPS ak Chemen Lakay (Pathway Home); epi modifiye lòt dispozisyon sou plan estilistik ak teknik tou.

Ki lè epi ki kote odyans lan apfèt? Odyans piblik la ap fèt a distans apati Zoom lendi 30 out 2021 a 10 è nan maten. Moun ki ta renmen suiv odyans lan kapab ale sou:

Zoom (videyo ak odyo):

<https://us02web.zoom.us/j/87610815906>

Oswa ale sou www.zoom.us, klike sou “patisipe nan yon reyinyon” epi antre Nimewo Reyinyon an: 876 1081 5906

Telefòn (odyo sèlman):

(646) 876-9923. Lè ou jwenn envitasyon, antre nimewo reyinyon an: 876 1081 5906

Nimewo pòtab rapid: +16468769923,87610815906#

Kouman mwen kapab kòmante règ yo pwopoze yo? Nenpòt moun kapab kòmantè règ nou pwopoze yo:

- **Sitwèb.** Ou kapab voye kòmantè ou yo bay HRA apati sitwèb règ Vil New York la sou <http://rules.cityofnewyork.us>.
- **Imèl.** Ou kapab voye kòmantè w yo pa imèl nan NYCRules@hra.nyc.gov. Tanpri ekri “Modifikasyon konsènan èd pou lwaye” kòm sijè.
- **Pa Lapòs.** Ou kapab voye kòmantè bay:

Règ HRA
c/o Office of Legal Affairs
150 Greenwich Street, 38th Floor
New York, NY 10007

Tanpri di klèman ou ap fè kòmantè sou règ konsènan modifikasyon èd pou lwaye a.

- **Faks.** Ou kapab voye kòmantè pa faks nan 917-639-0413. Tanpri ekri “Modifikasyon konsènan èd pou lwaye” kòm sijè.
- **Fason pou ou pran lapawòl nan odyans lan.** Ou kapab enskri pou pran lapawòl nan odyans lan lè w rele 929-221-7220 oswa lè w voye yon imèl nan NYCRules@hra.nyc.gov pou pi ta anvan odyans lan kòmanse, 30 out 2021. Yo ap rele moun ki ap pran lapawòl yo selon lòd yo te enskri a epi yo ap kapab pale pandan twa (3) minit pou plis.

Èske gen yon dat limit pou mwen voye kòmantè? Dat limit pou ou voye kòmantè se 30 out 2021 a minui. HRA dwe resevwa kòmantè yo, ni sa ou voye pa lapòs, 30 out 2021 oswa anvan sa.

Kisa pou mwen fè si m bezwen èd pou mwen patisipe nan odyans lan? Si ou bezwen sèvis entèpretasyon lang oswa yon amenajman rezonab pou ou patisipe nan odyans lan, ou dwe enfòmè nou. Ou kapab enfòmè nou pa imèl nan NYCRules@HRA.nyc.gov. Ou kapab enfòmè nou pa telefòn tou nan 929-221-7220. Li nesèsè pou ou enfòmè nou depi davans pou nou kapab gen ase tan pou fè aranjman. Tanpri enfòmè nou anvan 23 out 2021.

Èske mwen kapab konsilte kòmantè yo fè sou règ nou pwopoze yo? Ou kapab konsilte kòmantè yo fè anliy sou règ nou pwopoze yo lè ou ale sou sitwèb la sou <http://rules.cityofnewyork.us/>. Piblik la ap jwenn kopi tout kòmantè yo fè anliy, kòmantè yo fè alekri, ak yon rezime konsènan kòmantè yo fè aloral sou règ nou pwopoze sou sitwèb HRA a tousuit aprè odyans lan.

Kisa ki otorize HRA fè règ sa a? Atik 603 ak 1043 Manman Lwa Vil la ak Atik 34, 56, 61, 62, 77, ak 131-a Lwa sou Sèvis Sosyal New York la otorize HRA pwopoze règ sa a.

Ki kote mwen kapab jwenn règ HRA yo? Règ HRA yo nan Tit 68 Règ Vil New York yo.

Èske règ nou pwopoze yo te nan pwogram reglemante HRA a? Wi.

Ki lwa ki detèmine pwosesis pou fè règ? HRA dwe respekte egzijans Atik 1043 Manman Lwa Vil la lè li ap kreye règ oswa lè li ap chanje yo. Nou bay avi sa a selon egzijans Atik 1043 Manman Lwa Vil la.

**Administrasyon Resouzimèn Vil New York
Deklarasyon Fondman ak Objektif Règ nou Pwopoze**

Pou HRA reyalize modifikasyon ki resan nan Kòd Administratif Vil la, li pwopoze pou yo ogmante lwaye maksimòm apatman ak chanm endividyèl yo a kondisyon HRA ap fikse lwaye maksimòm yo selon seksyon 982.503 Tit 24 Kòd Règleman Federal la, selon nòm Otorite Lojman Vil New York adopte ann akò ak lwa federal pou administre pwogram Atik 8 Vil New York la. Modifikasyon nan Kòd Administratif Vil la ap antre ann aplikasyon an desanm 2021. HRA pwopoze egzèse pouvwa li genyen pou l deside sou lwaye maksimòm CityFHEPS lè li ogmante lwaye maksimòm sa yo tousuit.

HRA pwopoze kreye yon vèsyon pwojè CityFHEPS tou ki ap pèmèt Vil la bay fwaye ki prale nan lojman pèmanan òganizasyon ki pa gen objektif rantre lajan jere sou kontra ak Vil la èd dirab pou lwaye.

Enfòmasyon Jeneral:

An 2014 ak 2015, Vil la te lanse divès pwogram èd pou lwaye ki baze sou lokatè, tankou pwogram Viv an Kominote (LINC), Sipleman pou Prevansyon kont Degèpisman Fanmi ak Sipleman pou Plan Deplasman Fanmi ki nan Vil la (CITYFEPS) ak Sipleman Espesyal pou Prevansyon ak Deplasman (SEPS), pou bay moun ki nanabri oswa ki riske antre nan yonabri Vil la èd lwaye.

An sektanm 2017, yon règleman nan pwosè *Tejada v. Roberts*, Index No. 453245/2015 (Sup. Ct. N.Y. Cty.), te louvri pòt pou Eta New York ranplase pwogram Sipleman pou Prevansyon kont Degèpisman Fanmi (FEPS) li an pou ofri yon pwogram elaji ki bay pi wo nivo sipleman pou lwaye. Pwogram sa a rele pwogram Sipleman pou Fanmi ki Sanzabri ak pou Prevansyon Kont Degèpisman (FHEPS) Leta. Yo te transfere anpil nan fanmi ki nan pwogram CITYFEPS HRA yo ak pifò nan fanmi ki nan pwogram LINC III yo nan pwogram FHEPS Leta a tousuit aprè règleman *Tejada* a te antre ann aplikasyon.

Ann otòn 2018, pou HRA administre pwogram èd pou lwaye Vil la finanse a ak plis efikasite pou fwaye ki nanabri oswa ki riske antre nan yonabri, li te kreye pwogram Sipleman pou Lit Kont Sanzabri ak Prevansyon Kont Degèpisman (CityFHEPS), ki se yon sèl pwogram efikas ki ranplase pwogram LINC I, II, IV ak V, pwogram SEPS la, ak rès pwogram LINC III ak CITYFEPS yo. Apa fwaye ki patisipe nan LINC VI, yo te transfere fwaye ki patisipe nan pwogram LINC, CITYFEPS ak SEPS yo nan CityFHEPS. Chemen Lakay, ki se yon pwogram yon (1) lane ki ofri pi wo nivo èd, te ranplase LINC VI, ki se yon pwogram senk (5) lane ki bay fwaye yo èd pou yo demenaje pou ale viv ak zanmi ak fanmi. Men, fwaye ki te deja ap patisipe nan LINC VI ap kontinye nan pwogram sa a toutotan yo elijib.

Akoz eliminasyon pwogresif pwogram LINC 1-5, CITYFEPS ak SEPS la fini kounyeya, HRA pwopoze pou yo anile Souchapit A ak B Chapit 7 (ki reglemante LINCs 1-5) ak Chapit 8 (ki reglemante CITYFEPS ak SEPS) epi pou modifye Chapit 10 (ki reglemante CityFHEPS) ak Chapit 11 (ki reglemante Chemen Lakay) pou elimine referans pwogram sa yo ki demode.

Finalman, anplis ogmantasyon nivo lwaye maksimòm nan ak kreyasyon yon vèsyon pwojè CityFHEPS, HRA pwopoze fè lòt chanjman teknik nan règ CityFHEPS ak Chemen Lakay, tankou:

- Senplifye definisyon “sanzabri” CityFHEPS ak Chemen Lakay la.
- Pou ede evite magouy posib: Entèdi pou yon paran pwòch se mèt kay yon fwaye CityFHEPS, epi entèdi yon paran ki se yon responsab legal akeyi yon fwaye Chemen Lakay (menm si yo kapab dispanse entèdiksyon sa yo pou yon rezon valab).
- Pou konfòmite ak Lwa Leta: Retire entèdiksyon konsènan ogmantasyon lwaye yo otorize nan mitan ane nan apatman lwaye reglemante nan règleman CityFHEPS yo.
- Ogmante efikasite pwogram CityFHEPS la epi pwoteje finans piblik la: Ajoute yon egzijans lwaye rezonab nan lwaye maksimòm CityFHEPS la.
- Pou konfòmite ak pratik aktyèl: Limite pèman lwaye davans nan “ka enstalasyon” nan CityFHEPS (lè kliyan ap itilize CityFHEPS pou rete lakay yo) a yon mwa davans epi ajoute opsyon pou tout mèt kay resevwa sèlman premye mwa lwaye anplèn davans.
- Fè yo konprann ak lè yo kapab aplike Èd pou Lwaye ki Baze sou Lokatè CityFHEPS pou apatman yo te jele lwaye nan kad SCRIE oswa DRIE, si anplis kliyan an elijib pou CityFHEPS.
- Pou konfòmite ak pratik aktyèl: Mete evalyasyon ACS mennen anvan yo ofri Chemen Lakay ajou, lè gen yon minè swa nan fanmi akèy la oswa nan fanmi yo dwe ofri Chemen Lakay sou non li an.
- Fè divès lòt modifikasyon estilistik ak teknik nan règ yo.

Atik 603 ak 1043 Manman Lwa Vil la ak Atik 34, 56, 61, 62, 77, ak 131-a Lwa sou Sèvis Sosyal New York la otorize HRA pibliye règ sa a.

Nou souliyen nouvo enfòmasyon yo.

Enfòmasyon nou efase yo [nan kwochè]

Premye atik. *Nou chanje non Chapit 7 Tit 68 Règ Vil New York yo an "Pwogram Èd pou Lwaye pou Reyini Fanmi ak Zanmi nan Kominote Yo (LINC VI)".*

atik 2. *Nou ANILE Souchapit A (LINC I, II, ak III) ak B (LINC IV ak V) Chapit 7 Tit 68 Règ Vil New York yo.*

atik 3. *Nou elimine tit souchapit la pou modifiye Souchapit C Chapit 7 Tit 68 Règ Vil New York yo, epi nou nimewote epi modifiye dispozisyon ki konpoze Souchapit C a konsa:*

[atik 7 a 18] atik 7-01 Definisyon.

Nan objektif [souchapit] chapit sa a, tèm pi ba yo dwe vle di:

[(a) "Fwaye" vle di moun ki te aplike pou èd LINC VI pou lwaye oswa k ap resevwa èd sa dapre souchapit sa a, kèlkeswa kalifikasyon yo pou piblik asistans.]

(a) "Manm komisyon" vle di Manm komisyon DSS oswa reprezantan Manm komisyon an.

(b) "DHS" vle di Depatman Sèvis Sanzabri Vil New York.

(c) "DSS" vle di Depatman Sèvis Sosyal Vil New York, ki se antite ki konpoze ak HRA ak DHS.

[(b)] (d) ["fanmi] "Fanmi akèy" vle di tout moun, sof fwaye a, ki abite oswa ki gen entansyon abite nan rezidans k ap benefisye pèman èd pou lwaye LINC VI a. [Yon "fanmi] "Fanmi akèy" dwe se lokatè prensipal la epi dwe se yon sèl moun.

(a) "Fwaye" vle di moun ki ap resevwa èd LINC VI pou lwaye dapre chapit sa a, kèlkeswa elijiblite yo pou piblik asistans.

(f) "HRA" vle di Administrasyon Resouzimèn Vil New York.

[(c)] (g) "Pwogram Èd pou Lwaye pou Reyini Fanmi ak Zanmi nan Kominote" [a] oswa "Pwogram Èd LINC VI pou Lwaye" vle di pwogram èd pou lwaye nou [te kreye dapre souchapit sa a] dekri nan chapit sa a.

[(d) Yon "patisipan nan pwogram nan" vle di yon manm fwaye ki te fè yon kontra lojman ki te benefisye oswa ki benefisye aktyèlman pèman èd LINC VI pou lwaye.]

[(e) Yon "rezidan] (h) "Rezidan prensipal" [se] vle di moun ki gen responsablite prensipal pou peye lwaye a chak mwa pou rezidans ki benefisye pèman èd LINC VI pou lwaye oswa pwopriyete yon rezidans konsa. Rezidan prensipal la dwe ap viv nan yon rezidans konsa.

(i) "Patisipan nan pwogram nan" vle di yon manm fwaye a ki te fè yon kontra lojman ki te benefisye oswa ki benefisye aktyèlman pèman èd LINC VI pou lwaye.

[atik 7 a 19] atik 7-02 Administrasyon Pwogram Èd LINC VI pou Lwaye.

HRA dwe administre Pwogram Èd LINC VI pou Lwaye[, men HRA dwe pran ankont premye detèminasyon elijiblite dapre paragaf (1) soudivizyon (a) seksyon 7 a 20 chapit sa a nan tèt ansanm ak DHS pou fwaye ki abite nan yon Abri DHS].

[atik 7 a 20 Premye Elijiblite ak] atik 7-03 Renouvèlman.

[(a) Premye Elijibilite pou Pwogram Èd LINC VI pou Lwaye.

(1) Pou yon fwaye elijib pou yon premye ane èd LINC VI pou lwaye, li dwe ranpli kondisyon elijiblite sa yo:

(A) Dwe gen omwen yon (1) manm nan fwaye a ki benefisye Piblik Asistans, epi tout manm fwaye a ki elijib pou Piblik Asistans dwe resevwa avantaj sa a.

(B) Fwaye a dwe gen:

(i) yon timoun ki reponn ak kritè Atik 369.2(c) Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York yo oswa yon fi ki ansant ak omwen yon manm ki:

(I) elijib pou abri jan DHS detèmine sa a dapre Pati 351 ak 352 Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York oswa jan HRA detèmine sa dapre Atik 452.2(g) ak 452.9 Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York;

(II) li abite aktyèlman nan sistèm abri Vil la; epi

(III) li te abite nan sistèm abri Vil la pandan omwen katrevendis jou youn dèyè lòt, sof jou yo sote ki rive jiska twa (3) jou sivil;

(ii) yon manm ki reponn ak deskripsyon paragaf (1) soudivizyon (b) seksyon 7 a 10 chapit sa a epi ki te abite nan yonabri DHS jere oswa yo jere nan non DHS pou tout peryòd ki ant 1ye me 2015 ak 31 jiyè 2015; oswa

(iii) yon manm ki reponn ak deskripsyon ki nan paragaf (2), (3), oswa (4) soudivizyon (b) seksyon 7 a 10 chapit sa a;

(C) Fwaye a dwe te idantifye yon fanmi akèy ki konpoze ak manm fanmi fwaye a oswa zanmi fwaye a ki ap viv nan Vil New York, ki te dakò pèmèt fwaye a abite nan rezidans li an epi ki te dakò resevwa yon pèman lwaye fwaye a pa mwa ki pa depase pri lwaye maksimòm ki aplikab nan tablo soudivizyon (a) seksyon 7 a 21 chapit sa a.

(D) Fanmi akèy la ak rezidans fanmi akèy la dwe reponn ak egzijans soudivizyon (j) seksyon 7 a 24 chapit sa a.

(E) Fwaye a dwe gen revni total brit ki pa depase 200 pousan nivo federal povrete a jan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini detèmine sa chak ane.

(2) HRA ka dispansè kondisyon an, si sa aplikab, pou entegrasyon yon manm fwaye ki reponn ak kondisyon atik (I)-(III) dispozisyon (i) souparagaf (8) nan paragaf (1) soudivizyon sa a si fwaye a gen omwen yon manm ki:

(i) pa te gen plis pase dis (10) jou depi li te soti nan sistèmabri Vil la anvan manm fwaye a te fè aplikasyon ki pi resan an pouabri; epi

(ii) nan dènye dat manm fwaye a te soti nan sistèmabri Vil la, li ta reponn ak kondisyon atik (I)-(III) dispozisyon (i) souparagaf (8) paragaf (1) soudivizyon sa a.

(3) Y ap limite kantite fwaye ki elijib ki kapab jwenn otorizasyon pou resevwa èd LINC VI pou lwaye dapre kantite finansman ki disponib. Yo dwe soumèt aplikasyon yo sou yon fòm ak nan yon fòm HRA detèmine nan tèt ansanm avèk DHS.

(b) Renouvèlman aprè Premye Ane a.]

[(1)] (a) Selon disponiblite finansman an, yon fwaye k ap resevwa èd LINC VI pou lwaye ap resevwa kat (4) renouvèlman èd sa a sou yon ane si li ranpli kondisyon elijiblite pèmanan sa yo:

[(A)] (1) Revni total brit fwaye a pa depase 200 pousan nivo federal povrete a jan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini detèmine sa chak ane;

[(B)] (2) Lè yo mete aktivite sa yo disponib pou fwaye a, omwen youn nan manm fwaye a dwe kontinye angaje li nan aktivite jesyon dosye kontini ki la pou ede manm fwaye yo jwenn travay, konsève epi/oswa amelyore travay yo oswa manm sa a oswa fwaye sa a dwe prezève nenpòt avantaj li elijib pou resevwa; epi

[(C)] (3) Tout manm fwaye ki elijib pou Piblik Asistans dwe resevwa Piblik Asistans.

[(2)] (b) HRA ap detèmine si fwaye a elijib pou renouvèlman èd LINC VI pou lwaye nan fen chak ane patisipasyon fwaye a nan pwogram nan, selon disponiblite finansman an. Anvan kòmansman chak peryòd renouvèlman sou yon ane, HRA ap rekalkile montan èd pou lwaye fwaye a pa mwa dapre seksyon [7 a 21] 7-04 [chapit sa a]. Sof nan ka seksyon [7 a 22] 7-05 [chapit sa a] prevwa, montan èd pou lwaye pa mwa a p ap chanje pandan peryòd renouvèlman sou yon ane a.

[(3)] (c) HRA ka dispansè nenpòt nan kondisyon nan [paragraf (1) sòdivizyon sa a] seksyon 7-03(a) sou yon baz ka pa ka selon desizyon li, si rezon ki fè fwaye a pa respekte kondisyon an se te sikonstans ki depase kontwòl fwaye a, oswa lè pa renouvle pwogram nan pou fwaye a ka lakòz li antre nan abri.

[atik 7 a 21] atik 7-04 Obligasyon Lwaye Maksimòm Pa Mwa ak Kalkil Montan Èd pou Lwaye.

(a) Lwaye Maksimòm pa Mwa.

(1) Lwaye fwaye a pa mwa pa dwe depase montan ki nan tablo pi ba a:

Kantite Moun ki ap viv nan Fwaye a	1 – 2	3 – 4	5 oswa plis
Lwaye Maksimòm	\$650	\$750	\$1,000

(2) Lè rezidan prensipal la resevwa Piblik Asistans, lwaye fwaye a pa mwa pa kapab depase diferans ant obligasyon pèman rezidan prensipal la pou rezidans lan ak alokasyon pou abri rezidan prensipal la nan kad Atik 352.3 Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York nan moman dat bay la oswa kontra lokasyon fwaye a antre ann aplikasyon.

(3) Nan okenn ka, lwaye fwaye a pa mwa pa dwe depase kotizasyon pwopòsyonèl pri lwaye fwaye a pou rezidans lan. Detèminasyon sa ki reprezante kotizasyon pwopòsyonèl pèman lwaye fwaye a dwe chita sou fòmil ki nan Atik 2525.7 Tit 9 [Kòd Règ ak Règleman New York la] Kòd, Règ ak Règleman New York oswa yon mezi ki konparab.

(b) Montan Èd pou Lwaye.

(1) Montan èd pou lwaye pa mwa a dwe egal a lwaye fwaye a pa mwa.

(2) HRA dwe peye rezidan prensipal rezidans lan montan èd pou lwaye a dirèkteman chak mwa toutotan fwaye a elijib, toutotan li kontinye abite nan rezidans lan, epi toutotan finansman pou pwogram nan disponib.

[atik 7 a 22] atik 7-05 Demenajman.

(a) Yon fwaye ki ap resevwa èd LINC VI pou lwaye pa kapab demenaje pou ale nan yon nouvo rezidans epi pou li toujou elijib pou èd LINC VI pou lwaye sof avèk otorizasyon HRA epi a kondisyon li dwe demenaje pou ale nan yon rezidans ki anndan Vil New York. Patisipan nan pwogram LINC VI la dwe jwenn otorizasyon sa a davans anvan li demenaje pou ale nan yon nouvo rezidans, a kondisyon HRA kapab konsidere yon demann pou otorizasyon fèt aprè demenajman an si yon patisipan nan pwogram nan pa kapab jwenn otorizasyon sa a anvan demenajman an akòz sikonstans ki depase kontwòl patisipan nan pwogram nan. Si fwaye a demenaje avèk fanmi akèy aktyèl li a pou ale nan yon nouvo rezidans, HRA dwe otorize demenajman an. Nan tout lòt sitiyasyon, HRA dwe otorize yon patisipan nan pwogram nan kite yon rezidans pou ale nan yon lòt rezidans sof si patisipan nan pwogram nan bay yon rezon valab pou demenajman an. Si demenajman patisipan an mande a ta lakòz lwaye pa mwa fwaye a ogmante, otorizasyon an ap pran disponiblite finansman an ankont tou.

(b) Si HRA te otorize yo demenaje pou ale nan yon nouvo rezidans, HRA dwe rekalkile montan èd pou lwaye pa mwa a epi montan sa a pa dwe chanje pandan yon (1) lane apati dat bay la oswa kontra lokasyon a antre ann aplikasyon pou nouvo rezidans lan. Si dat aplikasyon bay la oswa kontra lokasyon an pou nouvo rezidans lan pa depase dis (10) mwa aprè kòmansman ane aktyèl patisipasyon fwaye a nan pwogram nan, lè sa a ane aktyèl èd LINC VI pou lwaye a dwe kòmanse tounèf nan dat bay sa a oswa kontra lokasyon sa a antre ann aplikasyon an. Si dat aplikasyon bay la oswa kontra lokasyon an pou nouvo rezidans lan depase dis (10) mwa aprè kòmansman ane aktyèl patisipasyon fwaye a nan pwogram nan epi fwaye a elijib pou renouvèlman èd LINC VI pou lwaye a, lè sa peryòd renouvèlman fwaye a dwe kòmanse nan dat bay sa a oswa kontra lokasyon sa a antre ann aplikasyon an.

[atik 7 a 23] atik 7-06 Rankont pou Revizyon Ajans lan ak Pwosesis Rekou Administratif [HRA] DSS.

(a) Dwa pou [HRA] DSS fè Revizyon Administratif. [Yon aplikan oswa] Yon patisipan nan pwogram LINC VI kapab mande yon rankont pou revizyon ajans lan ak/oswa yon odyans administratif [yon HRA] DSS pou chache jwenn revizyon nenpòt desizyon oswa aksyon DHS

ak/oswa HRA te fè nan kad [souchapit] chapit sa a, ak tout desizyon yo te dwe pran yo pa t pran, oswa tout desizyon yo pa t pran atan pou fè aplike dispozisyon [souchapit] chapit sa a.

(b) Rankont pou Revizyon Ajans lan

(1) Si [yon aplikan oswa] yon patisipan nan pwogram LINC VI mande yon rankont pou revizyon ajans lan, HRA dwe fè yon revizyon enfòmèl epi li dwe eseye rezoud pwoblèm li souleve a.

(2) [Yon aplikan oswa] Yon patisipan nan pwogram LINC VI kapab mande yon rankont pou revizyon ajans lan, san li pa mande [yon HRA] yon DSS yon odyans administratif tou. Mande yon rankont pou revizyon ajans lan p ap anpeche [yon aplikan oswa] yon patisipan nan pwogram nan mande [yon HRA] yon DSS yon odyans administratif annaprè.

(3) Patisipan nan pwogram nan dwe mande yon rankont pou revizyon nan ajans lan swasant jou aprè desizyon oswa aksyon li konteste a, a kondisyon si yo pwograme odyans administratif [yon HRA] yon DSS, li dwe mande yon rankont pou revizyon ajans lan yon fason rezonab anvan dat yo pwograme pou odyans lan.

(4) Yon demann pou yon rankont pou revizyon ajans lan ap pwolonje peryòd pou mande [yon HRA] yon DSS yon odyans administratif selon dispozisyon [paragraf (2) soudivizyon (c)] seksyon 7-06(c)(2) sa a jiska swasant jou aprè dat rankont pou revizyon ajans lan.

(c) Demann pou yon Odyans Administratif [yon HRA] yon DSS.

(1) Patisipan nan pwogram nan dwe fè demann pou odyans administratif la alekri. Patisipan nan pwogram nan dwe voye demann alekri sa a pa lapòs, pa mwayen elektwonik oswa pa faks, oswa apati lòt mwayen [HRA] DSS kapab bay nan yon avi rekou.

(2) Sof nan ka [paragraf (4) soudivizyon (b)] seksyon 7-06(b)(4) sa a prevwa, yo dwe fè yon demann pou yon odyans administratif swasant jou aprè desizyon oswa aksyon li konteste a.

(d) Reprezantan Otorize.

(1) Sof lè sa pa posib pou yo siyen yon otorizasyon alekri, yon moun oswa yon òganizasyon ki ap chache reprezante [yon aplikan oswa] yon patisipan nan pwogram LINC VI la dwe gen otorizasyon [aplikan an oswa] patisipan nan pwogram nan pou reprezante li nan yon rankont pou revizyon ajans lan oswa nan yon odyans administratif pou revize dosye li, depi avoka [aplikan sa a oswa] patisipan nan pwogram sa a angaje a pa egzijè otorizasyon alekri sa a. Y ap konsidere yon anplwaye avoka sa a kòm yon

reprizantan otorize si anplwaye sa a prezante otorizasyon alekri avoka a ba li a oswa si avoka sa a enfòmè [HRA] DSS konsènan otorizasyon anplwaye sa a pa telefòn.

(2) Kou [HRA] DSS resevwa avi ki enfòmè li yon moun oswa yon òganizasyon te jwenn otorizasyon pou reprezante [yon aplikan oswa] yon patisipan nan pwogram LINC VI nan yon rankont pou revizyon ajans lan oswa nan yon odyans administratif lan, reprizantan sa a ap resevwa kopi tout lèt [HRA] DSS te voye bay [aplikan an oswa] patisipan nan pwogram nan konsènan rankont lan ak odyans lan.

(e) Èd Pèmanan.

(1) Si yon patisipan nan pwogram LINC VI a mande yon odyans administratif pou yon desizyon [HRA] DSS pran pou redui pèman èd pou lwaye a nan kad seksyon [7 a 21] 7-04 [chapit sa a], limite li, sispann oswa anile li, oswa fwaye patisipan nan pwogram nan pa elijib pou renouvèlman dapre [soudivizyon (b) seksyon 7 a 20] 7-03(b), [chapit sa a,] patisipan nan pwogram sa a dwe gen dwa pou li kontinye resevwa pèman èd LINC VI nan montan èd pou lwaye ki aktyèl nan moman desizyon an jiskaske yo rann desizyon odyans lan dapre [soudivizyon (l)] seksyon 7-06(l) sa a, depi:

(A) Patisipan nan pwogram nan mande rekou administratif la dis (10) jou aprè yo te voye avi konsènan desizyon an ba li pa lapòs; epi

(B) Rekou a chita sou yon reklamasyon konsènan kalkil ki pa kòrèk oswa yon desizyon sou fè ki pa kòrèk.

(2) Pa gen dwa pou pèman èd pou lwaye a kontinye dapre soudivizyon sa a lè sèl pwoblèm konsènan kontestasyon an se yon pwoblèm lwa oswa politik lokal, etatik oswa federal, oswa chanjman nan lwa lokal, etatik oswa federal.

(3) Pèman èd pou lwaye a p ap kontinye annatandan yo pran yon desizyon sou odyans lan lè:

(A) Patisipan nan pwogram LINC VI la te dispansè dwa li pou li kontinye resevwa èd sa a san fòse alekri; oswa

(B) Patisipan nan pwogram LINC VI la pa prezante nan odyans administratif la epi li pa gen yon rezon valab pou li pa t prezante.

(4) Si patisipan nan pwogram LINC VI la mande yon lòt rekou dapre [soudivizyon (m)] seksyon 7-06(m) sa a, pèman èd pou lwaye a ap kontinye san rete aprè yo fin rann desizyon odyans lan jiskaske yo pran yon desizyon alekri dapre [soudivizyon] seksyon 7-06(m) sa a.

(f) Avi. [HRA] DSS dwe bay [aplikan an oswa] patisipan nan pwogram LINC VI la avi pou dat, lè ak kote odyans administratif la ap fèt nan mwens pase sèt (7) jou sivil anvan dat yo pwograme

pou odyans administratif la, sof si yo te rezoud pwoblèm ki alorijin demann pou gen yon odyans administratif la epi [aplikan an oswa] patisipan nan pwogram nan te anile demann odyans an.

(g) Egzamen Dosye a. [Aplikan an oswa] patisipan nan pwogram LINC VI la oswa reprezantan otorize li a gen dwa pou egzaminen sa ki nan dosye pwogram LINC li a ak tout dokiman ak dosye HRA gen entansyon itilize nan odyans administratif la. Sou demann pa telefòn oswa alekri, HRA dwe bay [aplikan sa a oswa] patisipan nan pwogram sa a kopi tout dokiman sa yo, ak kopi tout dokiman anplis HRA ak/oswa DHS genyen [aplikan an oswa] patisipan nan pwogram nan idantifye epi mande pou li prepare pou odyans administratif la. HRA dwe bay dokiman sa yo gratis nan yon tan ki rezonab anvan odyans administratif la. Si [aplikan an oswa] patisipan nan pwogram nan fè demann pou dokiman yo nan mwens pase senk (5) jou travay anvan odyans administratif la, HRA dwe bay li kopi dokiman sa yo anvan lè odyans administratif la.

(h) Ajounman. Ofisye odyans administratif la ka ranvwaye odyans administratif la pou rezon valab selon desizyon pa li oswa sou demann [aplikan an oswa] patisipan nan pwogram LINC VI la[,] oswa HRA[, oswa DHS].

(i) Òganizasyon Odyans Administratif la.

(1) Se yon ofisye odyans san patipri [HRA] DSS nonmen ki dwe gen pouvwa pou fè yo fè deklarasyon sou sèman epi ki dwe fè konvokasyon epi ki pa dwe gen konesans pèsonèl davans sou enfòmasyon konsènan desizyon oswa aksyon aplikan an oswa patisipan nan pwogram nan konteste a ki dwe òganize odyans administratif la.

(2) Odyans administratif la dwe enfòmèl, yo dwe aksepte tout prèv ki itil epi ki enpòtan epi yo pa dwe aplike règ legal prèv yo. Odyans administratif la dwe chita sèlman sou pwoblèm reyèl ak pwoblèm legal yo souleve konsènan desizyon espesifik ki fè yo te mande yon odyans administratif.

(3) [Aplikan an oswa] patisipan nan pwogram LINC VI la dwe gen dwa pou yon avoka oswa yon lòt reprezantan reprezante li, pou li temwanye, pou li vini avèk temwen pou temwanye, pou li bay prèv apati dokiman, pou li bay prèv ki opoze avèk prèv HRA [ak DHS] prezante yo, pou li mande ofisye odyans lan fè konvokasyon, epi pou egzamine tout dokiman HRA [ak DHS] bay.

(4) Yo dwe fè yon anrejistreman odyo, yon anrejistreman odyovizyèl oswa yon transkripsyon odyans administratif la alekri.

(j) Abandon Demann pou Odyans Administratif.

[(1) HRA ap konsidere aplikan an oswa patisipan nan pwogram LINC VI a abandone demann pou gen odyans administratif la si ni aplikan an ni patisipan nan pwogram LINC VI la oswa reprezantan otorize li a pa prezante nan odyans administratif la, sof si swa aplikan an oswa patisipan nan pwogram nan oswa reprezantan otorize li a:

(A) te kontakte HRA anvan odyans administratif la pou mande yo repwograme odyans administratif la; oswa

(B) kenz jou sivil aprè dat odyans administratif yo te pwograme a, li te kontakte HRA epi li te bay yon rezon valab ki fè li pa t prezante nan odyans administratif la nan dat yo te pwograme a.

(2) HRA ap remete dosye a sou lis si aplikan an oswa patisipan nan pwogram nan oswa reprezantan otorize li a te ranpli kondisyon paragaf (1) soudivizyon sa a.]

Ann absans yon demann pou repòte yon odyans administratif anvan dat odyans lan, DSS ap konsidere patisipan nan pwogram LINC VI la oswa reprezantan otorize li a abandone demann pou gen odyans administratif la si ni li menm ni reprezantan otorize li a pa prezante nan odyans administratif la. Men, DSS ap remete dosye a sou lis si nan kenz jou sivil aprè dat odyans administratif yo te pwograme a, patisipan nan pwogram LINC VI la oswa reprezantan otorize li a kontakte DSS epi li bay yon rezon valab ki fè li pa t prezante nan odyans lan.

(k) Dosye Odyans lan. Anrejistreman oswa transkripsyon alekri odyans lan, tout papye ak demann yo fè an rapò avèk odyans lan, ak desizyon odyans lan tout ansanm reprezante sèl dosye konplè odyans administratif la.

(l) Desizyon Odyans lan.

(1) Ofisye odyans lan dwe rann yon desizyon sou baz dosye odyans lan sèlman. Li dwe rann desizyon an alekri epi li dwe mansyone pwoblèm ki alabaz odyans administratif la, done enpòtan yo, ak lwa, règleman ki aplikab ak politik yo apwouve, si genyen, ki sèvi fondman desizyon an. Desizyon an dwe idantifye pwoblèm yo dwe detèmine yo, fè konstatayon reyelite a, bay rezon pwoblèm yo dwe detèmine a, epi lè sa apwopriye, mande HRA pran mezi espesifik.

(2) Y ap voye yon kopi desizyon an, ansanm ak avi alekri pou [aplikan an oswa] patisipan nan pwogram LINC VI la sou dwa li genyen pou li pran rekou kont desizyon an ak pwosedi pou li mande rekou sa a bay chak moun ki konsène epi bay reprezantan yo, si yo genyen.

(m) Lòt Rekou.

(1) Yo kapab fè Manm komisyon an [HRA oswa reprezantan li an] yon demann rekou alekri kont yon desizyon yon ofisye odyans depi [HRA resevwa li] Manm Komisyon an resevwa li dapre pwosedi nou dekri nan avi ki akonpaye desizyon odyans lan pa pi ta pase kenz jou travay aprè [HRA] DSS voye desizyon ofisye odyans lan. Dosye ki devan Manm Komisyon an dwe gen dosye odyans lan, desizyon ofisye odyans lan ak tout deklarasyon sou sèman, prèv apati dokiman, oswa agiman alekri [aplikan an oswa] patisipan nan pwogram LINC VI la ka vle soumèt.

(2) Manm Komisyon an [oswa reprezantan li an] dwe rann yon desizyon alekri apati dosye odyans lan ak tout lòt dokiman [aplikan an oswa] patisipan nan pwogram LINC VI la [ak] oswa HRA [oswa DHS] soumèt.

(3) Y ap voye yon kopi desizyon Manm Komisyon an, ansanm ak avi alekri pou [aplikan an oswa] patisipan nan pwogram LINC VI la sou dwa li genyen pou mande yon revizyon jidisyè, bay chak moun ki konsène epi bay reprezantan otorize yo, si yo genyen.

(4) Kou Manm Komisyon an [oswa reprezantan li an] pibliye desizyon li pran aprè yon rekou nan kad seksyon sa a se yon desizyon definitiv epi li angaje HRA epi HRA dwe konfòme li ak desizyon an.

[atik 7 a 24] atik 7-07 Lòt Dispozisyon.

(a) N ap refere fwaye ki nan Pwogram Èd LINC VI pou Lwaye bay pwofesyonèl ki ofri sèvis k ap ede yo antre an kontak avèk sèvis apwopriye ki nan kominote yo a.

[(b) HRA dwe bay fwaye ki ap kiteabri yo frè demenajman ak depo kupon garanti ki egal a yon (1) mwa pèman lwaye nan mezi sa posib nan kad Atik 352.6 Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York.]

[(c)] (b) Yo pa kapab asosye èd pou lwaye nou bay nan kad Pwogram Èd LINC VI pou Lwaye ak okenn lòt sibvansyon pou lwaye, sof sou yon baz ka pa ka.

[(d) Nou p ap konsève lisdatant pou Pwogram Èd LINC VI a pou Lwaye.]

[(e) Rezidan nanabri yo responsab pou yo idantifye fanmi akèy ki genyen.]

[(f)] (c) Nou entèdi yon rezidan prensipal ki fè yon bay oswa yon kontra lokasyon ak yon fwaye ki ap resevwa èd pou lwaye LINC VI la egziye, mande oswa resevwa lajan, machandiz oswa sèvis anplis montan lwaye pa mwa yo dakò sou li a. Yon rezidan prensipal ki egziye, mande oswa resevwa lajan, machandiz oswa sèvis anplis montan lwaye pa mwa yo dakò sou li a p ap kapab patisipe nan nenpòt pwogram èd HRA pou lwaye, epi nou ka retire yo nan lòt pwogram

èd pou lwaye Vil New York administre. Anvan HRA mete yon rezidan prensipal sou yon lis diskalifikasyon, li ap bay rezidan prensipal la avi ak posiblite pou li konteste desizyon an alekri.

[(g)] (d) Kòm yon kondisyon pou patisipe nan Pwogram Èd LINC VI [pou Reyini Fanmi ak Zanmi] pou Lwaye, nou entèdi yon rezidan prensipal ki te fè yon bay oswa yon kontra lokasyon ak yon fwaye ki ap resevwa èd LINC VI pou lwaye monte lwaye pa mwa fwaye a pou yon lane apati dat aplikasyon bay la oswa kontra lokasyon an.

[(h)] (e) Patisipan nan pwogram nan dwe enfòmè HRA prese prese si nenpòt lòt moun vin abite nan rezidans ki benefisye pèman èd LINC VI pou lwaye a.

[(i)] (f) Si yo degèpi yon patisipan nan pwogram nan oswa si li kite rezidans ki te benefisye oswa ki benefisye aktyèlman pèman èd LINC VI pou lwaye a, rezidan prensipal la dwe remèt HRA tout pèman anplis.

[(j)] (g) Yo dwe fè enspeksyon pou verifye si nenpòt rezidans ki benefisye pèman èd LINC VI pou lwaye ofri sekirite epi si gen garanti pou yo abite ladann. Anplis, si fwaye a gen yon manm ki po ko gen dizwit lane, fanmi akèy la dwe sibi yon verifikasyon ki dwe se, omwen, yon evalyasyon [tout enfòmasyon ki nan Rejis Santral Abi ak Move Tretman sou Timoun nan Tout Eta a konsènan tout manm fanmi ak] pou jwenn si yon manm nan fanmi akèy la gen antesedan pwoteksyon timoun nan Vil New York oswa si yo te anrejistre li kòm yon delenkan seksyèl dapre Atik 6-C Lwa New York sou Koreksyon.

atik 4. Nou ajoute yon nouvo seksyon 7-08 pou modifye Chapit 7 Tit 68 Règ Vil New York yo konsa:

atik 7-08 Ekspirasyon ak Anilasyon Pwogram Èd LINC VI pou Lwaye

Dispozisyon chapit sa a dwe ekspire epi nou dwe konsidere tout chapit sa a anile nèt nan dat 31 desanm 2024.

atik 5. Nou ANILE Chapit 8 (pwogram CITYFEPS ak SEPS)Tit 68 nan Règ Vil New York yo.

atik 6. Nou modifye seksyon 10-01 a 10-04 Chapit 10 Tit 68 Règ Vil New York yo konsa:

atik 10-01 Definisyon.

Nan objektif chapit sa a, tèm pi ba yo dwe vle di:

(a) "ACS" vle di Administrasyon pou Sèvis Timoun Vil New York.

(b) [Yon "apatman"] "Apatman" vle di yon rezidans prive apa yon SRO.

(c) "Sèvis jesyon ka" vle di sèvis tankou, pou site sa yo sèlman, èd pou jwenn (1) tretman medikal; (2) dokiman gouvènman federal, leta ak lokal tankou batistè, ak maryaj ak dosye lojman; ak (3) manje, medikaman ak lòt founiti ki nesesè. Sèvis sa yo dwe ofri èd tou pou pwoblèm tankou vyolans domestik, abi sou timoun ak maladi mantal, si ka a prezante.

[(c)] (d) "CITYFEPS" vle di pwogram èd pou lwaye Sipleman pou Prevansyon kont Degèpisman Fanmi Vil la [yo mete anplas, dapre] nou dekri deja nan Souchapit A Chapit 8 tit sa a.

[(d)] (e) "CityFHEPS" [vle di Pwogram CityFHEPS nou dekri nan chapit sa a.] oswa lè nou itilize "Pwogram CityFHEPS la," nan Souchapit A chapit sa a, nou vle di pwogram nou dekri nan Souchapit A a, sof yon deklarasyon ki kontrè. Lè nou itilize "CityFHEPS" oswa "Pwogram CityFHEPS la" nan Souchapit B chapit sa a, nou vle di pwogram nou dekri nan Souchapit B, sof yon deklarasyon ki kontrè.

[(e)] (f) [Yon "pwogram kalifikasyon CityFHEPS" [se] vle di yon pwogram Vil la Manm Komisyon an te chwazi kòm yon pwogram HRA ap aksepte referans pou [CityFHEPS] pwogram nou dekri nan Souchapit A chapit sa a pou li, pou evite fwaye yo antre nan yonabri HRA oswa DHS oswa pou redui tan y ap pase nan yonabri HRA oswa DHS [oswa pou redui tan y ap pase nan yonabri HRA oswa DHS]. "[Pwogram kalifikasyon CityFHEPS yo] Pwogram kalifikasyon CityFHEPS la", apa lòt pwogram Manm Komisyon an kapab chwazi alavni, se: (1) referans ACS pou fasilite yon plan ACS pou reyini fanmi, prezève yo oswa pou yo viv san yo pa bezwen èd; (2) referans gwoup travay lojman pwovizwa yo; (3) referans DYCD; oswa (4) referans Depatman Koreksyon Vil New York la.

[(f)] (g) "pèman èd pou lwaye CityFHEPS" vle di pèman lwaye nou fè[,] dapre chapit sa a.

[(g)] (h) [Yon] "apatman CityFHEPS" [se] vle di yon apatman rezidansyèl ki benefisye pèman èd pou lwaye CityFHEPS[,] dapre chapit sa a.

[(h)] (i) "Manm Komisyon" [an] vle di Manm Komisyon DSS la oswa reprezantan Manm Komisyon an.

[(i)] (j) "DHS" vle di Depatman Sèvis pou Sanzabri Vil New York la.

[(j)] (k) [Yon] "abri DHS pou fanmi" [se] vle di yonabri pou fanmi ki gen timoun yo oswa manm fanmi ki se granmoun DHS [la] jere oswa yo jere nan non DHS [la].

[(k)] (l) [A] "Abri DHS pou granmoun k ap viv poukont yo" vle di yonabri pou granmoun k ap viv poukont yo DHS jere oswa yo jere nan non DHS.

[(l)] (m) "DSS" vle di Depatman Sèvis Sosyal Vil New York la, ki se antite ki konpoze ak HRA ak DHS la.

[(l)] (n) "DYCD" vle di Depatman pou Devlopman Jenès ak Kominote Vil New York.

[(m)] (o) "Avantaj federal pou andikap" vle di avantaj asirans sekirite sosyal pou andikap dapre Tit 2 Lwa federal sou Sekirite Sosyal, revni sekirite siplemantè dapre Tit 16 Lwa federal sou Sekirite Sosyal, dedomajman pou yon andikap ki rive akòz yon blese oswa yon maladi[,] pandan w ap travay dapre Souchapit 2 oswa Souchapit 4 Chapit 11 Pati 2 Tit 38 Kòd Etazini an, oswa yon pansyon[,] pou andikap ki pa rive pandan ou sou sèvis dapre Souchapit 2 Chapit 15 Pati 2 Tit 38 Kòd Etazini an.

[(n)] (p) "FHEPS" vle di pwogram Sipleman pou Fanmi ki Sanzabri ak pou Prevansyon Kont Degèpisman Eta New York la.

[(o)] (q) "FPL" vle di nivo povrete federal Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini detèmine chak ane.

[(p)] (r) "Revni brit" vle di total: (1) revni ou touche, jan nou defini sa nan Atik 352.17(a) Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York, sof li pa dwe pran ankant revni ou touche apati SYEP; ak (2) revni ou pa touche, jan nou defini sa nan Atik 387.10(b)(3) tit sa a, sof li pa dwe pran ankant PA epi li dwe gen pou wè ak revni ki regilye. Nou p ap konte kontribisyon pou lwaye lòt enstans bay kòm revni. Yo pa dwe fè okenn lòt prelevman oswa retrè, jan Atik 387.11 ak 387.12 Tit 18 Kòd, Règ, ak Règleman New York prevwa l la, lè y ap kalkile revni brit yon fwaye.

[(r)] (s) "HDC" vle di Sosyete Devlopman Lojman Vil New York la.

[(q)] "Fwaye a"] (t) "Fwaye" vle di moun ki ap viv ansanm nan apatman CityFHEPS oswa ki gen entansyon an.

(u) "HPD" vle di Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York.

[(r)] (v) "HRA" vle di Administrasyon Resouzimèn Vil New York la.

[(s)] Yon] (w) "abri HRA" vle di yon abri pou moun ki viktim vyolans domestik HRA administre oswa yo administre nan non HRA[,] dapre Pati 452 Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York.

[(t)] (x) "LINC VI" vle di pwogram èd pou lwaye [ki anplas dapre] nou dekri nan [Souchapit C] Chapit 7 tit sa a.

[(w)] "lwaye] (y) "Lwaye maksimòm pa mwa" vle di yon montan detèmine[,] dapre seksyon 10-05 chapit sa a lwaye yon lojman CityFHEPS pa kapab depase pandan premye ane èd

CityFHEPS pou lwaye a, epi montan ki se baz kalkil montan pèman èd pou lwaye CityFHEPS la.

[(x) "alokasyon] (z) "Alokasyon maksimòm PA pou abri" vle di alokasyon maksimòm pa mwa pou abri pou kantite moun nan chak fanmi PA selon barèm Atik 352.3(a)(1) Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York prevwa.

[(y) Yon] (aa) "manm NPA" [fè referans a] vle di yon moun ki se yon manm fwaye CityFHEPS men ki pa yon manm fwaye PA pou lòt rezon apa[,] dapre Atik 349.3 Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York.

[(aa)] (bb) "PA" vle di avantaj piblik asistans, tankou sibvansyon ak alokasyon pou abri chak mwa nou bay nan kad pwogram Èd pou Fanmi[,] dapre Lwa New York sou Sèvis Sosyal atik 349, ak/oswa pwogram Èd Rezo Sekirite (Safety Net Assistance)[,] dapre Lwa New York sou Sèvis Sosyal atik 159, ak règleman nou pibliye nan menm sans lan.

[(bb)] (cc) "fwaye PA" [fè referans a] vle di manm fwaye a ki aplike pou avantaj PA epi yo aksepte bay avantaj PA.

[(cc)] (dd) "Chemen Lakay" vle di pwogram èd pou lwaye Chapit 11 tit sa a [met anplas] dekri.

[(dd) Yon "lokatè] (ee) "Lokatè prensipal" [se] vle di moun ki gen non li ki nan kontra lokasyon an oswa ki gen responsablite prensipal pou peye lwaye chak mwa a pou yon apatman.

[(ee) Yon "patisipan] (ff) "Patisipan nan pwogram nan" vle di yon moun ki fè yon kontra lokasyon pou yon apatman CityFHEPS epi yo pa t retire nan pwogram nan.

[(ff) (gg) Yon "pwogram kalifikasyon pou èd pou lwaye Vil la" vle di pwogram èd pou lwaye LINC, SEPS oswa CITYFEPS.]

[(gg) Yon "pwogram] (gg) "Pwogram travay sibvansyone kalifye" vle di tout pwogram travay yo sibvansyone HRA[,] jere dapre Atik 385.9(f) oswa (g) Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York, oswa lòt pwogram travay yo sibvansyone Manm Komisyon an ka detèmine kòm yon pwogram kalifikasyon alavni.

[(hh) Yon "apatman] (hh) "Apatman lwaye kontwole" vle di yon lojman yo fikse pri lwaye maksimòm li[,] dapre Chapit 3 Tit 26 Kòd Administratif Vil New York la.

[(ii) Yon "chanm"] (ii) "Chanm" vle di yon chanm prive ki anndan yon apatman.

(jj) "Program SCRIE oswa DRIE" vle di Pwogram Franchiz nan Ogmantasyon Lwaye pou Moun ki Aje ("SCRIE") oswa Franchiz nan Ogmantasyon Lwaye pou Moun ki Gen Andikap ("DRIE")

atik 467-b ak 467-c Lwa New York konsènan Enpo sou Byen Imobilye otorize epi Chapit 3, 4 ak 7 Tit 26 Kòd Administratif Vil New York la mete anplas.

[(jj)] (kk) "SEPS" vle di pwogram èd pou lwaye Sipleman Espesyal kont Degèpisman ak Prevansyon Souchapit B Chapit 8 tit sa a [te mete anplas, dapre] dekri pi wo a.

[(kk) Yon "lèt] (ll) "Lèt acha" [se] vle di yon lèt yo bay yon fwaye pou ede li nan chache lojman ki idantifye fwaye a kòm kwa li ranpli kondisyon pou li elijib pou CityFHEPS epi li bay pri lwaye maksimòm nan.

[(ll) Yon] (mm) "SRO" [se] vle di yon apatman ki gen chanm pou yon sèl moun jan soudivizyon 16 Seksyon 4 Atik 1 Lwa New York sou Lojman Kolektif defini l lan.

[(mm)] (nn) "Sanzabri ki nan lari" vle di moun ki: (1) ap viv nan lari oswa yon kote yo pa rezève pou moun viv epi ki te resevwa] ki ap resevwa sèvis jesyon ka [pandan omwen 90 jou] yon pwofesyonèl ki ofri sèvis toupre yo bay apati yon kontra ak DHS. [pwofesyonèl; (2) te resevwa sèvis jesyon ka pandan omwen 90 jou yon pwofesyonèl ki ofri sèvis toupre yo bay apati yon kontra ak DHS nan yon sant akèy oswa yon lojman tranzisyon; oswa (3) te resevwa sèvis jesyon ka yon pwofesyonèl ki ofri sèvis toupre yo bay apati yon kontra ak DHS, pandan yo t ap viv nan lari oswa yon kote yo pa rezève pou moun viv, oswa nan yon sant akèy oswa yon lojman tranzisyon, yo te mete yo nan yon lojman pèmanan epi aktyèlman y ap resevwa sèvis suivi.]

(oo) "Pwofesyonèl Souchapit B" vle di yon pwofesyonèl ki pa gen objektif fè lajan ki fè yon kontra ak Vil la pou li administre apatman yo konsidere kòm apatman Souchapit B dapre seksyon 10 a 16.

(pp) "Apatman Souchapit B" vle di apatman HRA konsidere kòm apatman ki kapab benefisye pèman CityFHEPS dapre Souchapit B chapit sa a.

[(nn)] (qq) "Travaysibvansyone" vle di travay yo sibvansyone nan sektè prive oswa nan sektè piblik jan Lwa sou Sèvis Sosyal New York atik 336(1)(b)-(c) itilize tèm sa yo.

[(oo)] (rr) "Pwogram SYEP" vle di Pwogram Travay pou Jèn pandan Ete DYCD administre pou ofri rezidan Vil New York ki ant katòz ak vennkat lane opòtinite pou yo jwenn travay pandan ete ki peye.

[(pp) Tèm "tranzisyon] (ss) "Gwoup travay lojman tranzisyon" dwe vle di menm bagay ak [fason yo itilize tèm sa a] definisyon nan Atik 1(a) Lwa Lokal 13 2017 la.

[(qq)] (tt) "Rezoud Pwoblèm Sanzabri Vil New York yo" [se] vle di yon piblikasyon Mayor de Blasio, ki se Mè Adjwen nan Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal, Herminia Palacio ak Manm

Komisyon Steven Banks fè soti an fevriye 2017. Piblikasyon an prezante yon plan global ki santre sou vil la pou redui trasabri pou sanzabri nan Vil New York, pou transfòme apwòch Vil la pou bayabri epi pou diminye kantite moun ki sanzabri k ap viv nan Vil New York ki konte souabri apati pwogram prevansyon, pwogram pou sanzabri ki nan lari ak pwogram lojman pèmanan.

[(rr)] (uu) "Travay yo pa sibvansyone" [vle di travay yo pa sibvansyone jan yo itilize tèm sa a] dwe vle di menm bagay ak definisyon ki nan Lwa sou Sèvis Sosyal New York atik 336(1)(a) la.

[(ss) Yon "veteran" se] (vv) "Veteran" vle di yon moun ki te sèvi nan lame ameriken.

atik 10-02 Administrasyon [Pwogram] Pwogram CityFHEPS [la] yo.

HRA ap administre [Pwogram] Pwogram CityFHEPS [la] yo epi li ap detèmine elijiblite dapre [souchapit] chapit sa a. Pwogram CityFHEPS yo ap gen de (2) pwogram: pwogram èd pou lwaye ki baze sou lokatè jan Souchapit A dekri l la, ak pwogram èd pou lwaye ki baze sou pwojè jan Souchapit B dekri l la. Pwogram ki baze sou lokatè a bay fwaye ki elijib èd pou lwaye yo kapab itilize nan nenpòt apatman ki ranpli kondisyon pwogram nan selon chwa yo. Pwogram ki baze sou pwojè a bay fwaye ki elijib èd pou lwaye ki konsène apatman espesifik HRA detèmine menm jan ak apatman nan Souchapit B.

SOUCHAPIT A

CITYFHEPS: ÈD LWAYE KI BAZE SOU LOKATÈ

atik 10-03: Premye Elijiblite, Aplikasyon ak Apwobasyon pou Rezidan Vil la Ki Pa nan yon Abri HRA oswa DHS oswa ki Sanzabri nan Lari.

(a) Yon fwaye ki pa sanzabri nan lari oswa ki nan yonabri HRA oswa DHS dwe ranpli kondisyon sa yo pou li elijib pou yon premye ane èd pou lwaye pwogram CityFHEPS nan kad souchapit sa a:

(1) [] Sof nan ka seksyon 10-03(a)(6)(D) prevwa, fwaye a dwe gen yon revni total brit ki pa depase 200 pousan FPL la.

(2) Si aktyèlman fwaye a p ap resevwa PA, fwaye a dwe aplike pou tout èd ki disponib nan kad Pati 352 Tit 18 Kòd, Règ ak règleman New York.

(3) Tout manm fwaye a ki elijib pou PA dwe resevwa PA epi yo dwe respekte kondisyon PA yo.

(4) Si yon fwaye ranpli kondisyon pou li elijib pou tout avantaj lojman federal oswa leta, tankou Atik 8 oswa Pwogram HRA HOME TBRA[,] nou dekri nan [dapre] Chapit 9 tit sa a, sou demann HRA, yo kapab mande fwaye a [dwe] aplike pou avantaj sa yo epi resevwa yo si yo ofri l yo.

(5) Fwaye a pa dwe elijib pou FHEPS epi, sof si li ranpli kondisyon [Seksyon] seksyon 10-08(d) [chapit sa a], li pa dwe t ap resevwa èd pou lwaye pwogram CityFHEPS la anvan sa.

(6) Fwaye a dwe reponn ak nenpòt nan kritè ki pi ba yo:

(A) Manm Komisyon an te detèmine gen risk pou fwaye a sanzabri epi genyen yon veteran ladann.

(B) Pandan douz dènye mwa yo, yo te degèpi fwaye a nan yon rezidans nan Vil New York ki te nan pwosedi degèpisman oswa li t ap viv nan yon rezidans nan Vil New York ki te nan pwosedi degèpisman oswa ki nan pwosedi sa aktyèlman oswa yo te mande li oswa yo mande li bay apatman an sou lòd yon ajans Vil la oswa akòz yon desizyon pou sezi apatman an, oswa pou rezon sante ak sekirite jan yon ajans Vil la detèmine sa, apa rezon ki ta fè fwaye a elijib pou abri nan kad Atik 452.9 Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York; ak [swa]

(i) li ap resevwa Sèvis Pwoteksyon pou Granmoun nan kad Atik 473 Lwa New York sou Sèvis Sosyal oswa yon pwogram gad kominotè nan kad Atik 473-d Lwa New York sou Sèvis Sosyal la;

(ii) li ap gen pou l itilize pwogram CityFHEPS pou li konsève yon apatman lwaye kontwole; oswa

(iii) li te abite nan yon abri DHS anvan.

(C) Fwaye a gen yon moun yon ajans Vil la te refere apati yon pwogram kalifikasyon CityFHEPS epi Manm Komisyon an te detèmine akòz sikonstans espesyal fwaye a ladann nan, èd CityFHEPS pou lwaye a nesesè pou evite fwaye a antre nan yon abri DHS.

(D) Fwaye a [resevwa yon lèt sètifikasyon LINC oswa yon lèt acha SEPS oswa CITYFEPS ki pa ekspire epi li ta toujou elijib pou èd nan kad Chapit 7 oswa 8 Tit 68 Règ Vil New York yo. Yon fwaye ka pa kalifye pou èd CityFHEPS pou lwaye nan kad souparagraf sa a si: (1) gen plis pase 120 jou ki te pase apre dat règ sa a te antre ann aplikasyon an oswa (2) fwaye a elijib

pou FHEPS la.] li gen yon revni brit total ki pa depase 250 pousan FPL la epi yo te refere li pou yon lèt acha dapre seksyon 10 a 21.

(E) Fwaye a ap resevwa LINC VI oswa Chemen Lakay nan moman an epi li reponn ak kritè yo dekri nan [Seksyon] seksyon 10-04(a)(8)(A) oswa 10-04(a)(8)(B)(i) [chapit sa a].

(7) Fwaye a dwe gen yon bay, lòt kontra oswa dwa reglemantè pou lwaye, pou yon (1) lane omwen, yon rezidans nan Vil New York ki te sibi yon evalyasyon pou sekirite ak garanti pou yo abite ladann. Lwaye pou apatman an dwe rezonab an konparezon ak lòt apatman nan zòn kote apatman an ye a epi li pa dwe depase lwaye maksimòm pa mwa a epi fwaye a dwe jwi pwoteksyon kont ogmantasyon lwaye pandan omwen yon (1) lane, sof[,] si apatman an [se yon apatman kote fwaye a te rete tousuit anvan l te resevwa èd CityFHEPS pou lwaye a epi apatman an] sou règleman gouvènmantal konsènan lwaye yo aksepte, y ap otorize ogmantasyon lwaye yo otorize nan kad règleman gouvènmantal ki aplikab nan mitan ane. Si yon fwaye gen yon moun ki poko gen dizuit lane, yo dwe fè bay la oswa lòt kontra lokasyon pou yon apatman.

(b) Yo dwe soumèt aplikasyon yo sou yon fòm ak nan yon fòm HRA detèmine.

(c) Nan moman apwobasyon an, HRA ap kalkile pèman èd CityFHEPS pou lwaye fwaye a[,] dapre [Seksyon] seksyon 10-06 oswa 10-07 [chapit sa a], si sa aplikab. Sof nan ka [Seksyon] seksyon 10-09 [chapit sa a] prevwa, pèman èd CityFHEPS pou lwaye a p ap chanje [pandan premye ane fwaye an nan pwogram nan] jiska renouvèlman, kèlkeswa chanjman ki vin genyen nan konpozisyon fwaye a, nan revni li, lwaye maksimòm pa mwa a, oswa lwaye aktyèl pou apatman CityFHEPS la.

atik 10-04: Premye Elijiblite ak Apwobasyon pou Rezidan ki nan yon Abri ak Moun ki Sanzabri nan Lari.

(a) Yon fwaye ki nan yon abri HRA oswa DHS oswa ki sanzabri nan lari dwe ranpli kondisyon sa yo pou li elijib pou resevwa yon lèt acha pou èd CityFHEPS pou lwaye nan kad souchapit sa a:

(1) Fwaye a dwe gen revni total brit ki pa depase 200 pousan FPL la.

(2) Si fwaye a p ap resevwa PA aktyèlman, [fwaye a dwe] HRA kapab mande fwaye a aplike pou tout èd ki disponib nan kad Pati 352 Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York.

(3) [Tout manm fwaye a ki elijib pou PA dwe resevwa PA epi manm ki resevwa PA dwe respekte kondisyon PA yo.] Rezève.

(4) Si yon fwaye ranpli kondisyon pou li elijib pou tout avantaj lojman federal oswa leta, tankou Atik 8 oswa pwogram HRA HOME TBRA[,] nou dekri nan Chapit 9 tit sa a, sou demann HRA, yo kapab mande fwaye a [dwe] aplike pou avantaj sa yo epi resevwa yo si yo ofri l yo.

(5) Fwaye a pa dwe elijib pou FHEPS.

(6) Si yo detèmine nenpòt nan manm fwaye a elijib pouabri HRA nan kad Atik 452.9 Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York, fwaye a pa dwe mete moun ki fè zak vyolans domestik ki fè yo detèmine li elijib la.

(7) Si aktyèlman fwaye a nan yon abri pou fanmi [Abri pou Fanmi] DHS, fwaye a dwe elijib pouabri jan DHS detèmine sa[,] dapre Pati 351 ak 352 Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York.

(8) Fwaye a dwe sanzabri nan lari, li dwe rezide nan yonabri DHS yo idantifye ki pa lwen fèmen, oswa li dwe fè pati Gwoup A oswa Gwoup B pi ba a:

(A) **Gwoup A:** Yon fwaye ap fè pati Gwoup A si li reponn ak youn nan kritè nou dekri pi ba yo epi swa: (1) li abite nan yonabri DHS nan moman an epi swa li benefisye yon pasaj nanabri kalifye dapre seksyon 10-04(b) oswa li elijib pouabri HRA; oswa (2) li abite nan yonabri HRA nan moman an:

(i) Fwaye a: (AA) gen yon moun ki po ko gen 18 lane epi (BB) li ap travay an gwoup omwen 30 èdtan pa sèmèn nan yon travay yo pa sibvansyone oswa nan yon pwogram travay sibvansyone kalifye epi li kapab gen revni apati travay sa a pandan 30 dènye jou yo. Men, Manm Komisyon an kapab dispansè fwaye a nan travay an gwoup omwen 30 èdtan pa semèn pou yon rezon valab lè fwaye a te fè prèv li nan travay epi li te konstan, epi sa pa gen lontan li te pèdi nan kantite èdtan li te travay akòz sikonstans ki ka pasaje[.];

(ii) Fwaye a gen manm ki gen 18 lane oswa plis sèlman epi yo kapab gen revni apati travay yo pa sibvansyone oswa nan yon pwogram travay sibvansyone kalifye pandan 30 jou dènye jou yo[.];

(iii) Fwaye a gen yon manm ki gen 18 lane oswa plis ki resevwa avantaj federal pou andikap oswa ki resevwa sibvansyon PA chak mwa regilyèman epi HRA te detèmine li ranpli kondisyon pou avantaj federal pou andikap sou baz pwòp andikap dokimante li a;

(iv) Fwaye a gen yon manm ki gen 60 lane oswa plis; oswa

(v) Fwaye a gen yon manm ki gen 18 lane oswa plis yo pa kite fè aktivite travay PA, dapre Atik 385.2(b)(5) Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York.

(B) **Gwoup B:** Yon fwaye ap fè pati Gwoup B si pou moman an li abite yonabri HRA oswa DHS epi li reponn ak youn nan kritè nou dekri pi ba yo:

(i) Fwaye a gen yon veteran[.]; oswa

[(ii)] Fwaye a resevwa yon lèt sètifikasyon LINC oswa yon lèt acha SEPS oswa CITYFEPS ki pa ekspire epi li ta toujou elijib pou èd nan kad Chapit 7 oswa 8 Tit 68 Règ Vil New York yo. Yon fwaye ka pa kalifye pou èd CityFHEPS pou lwaye nan kad souparagraf sa a si: (1) gen plis pase 120 jou ki te pase aprè dat règ sa a te antre ann aplikasyon oswa (2) fwaye a elijib pou FHEPS.]

[(iii)] (ii) Fwaye a gen yon moun yon ajans Vil la te refere apati yon pwogram kalifikasyon CityFHEPS epi Manm Komisyon an te detèmine akòz sikonstans patikilye fwaye a ladann nan, èd CityFHEPS pou lwaye nesèsè pou redui tan fwaye a ap pase nan yonabri HRA oswa DHS.

(b) Pasaj nan Abri Kalifye ak Limit:

(1) Pasaj nan Abri Kalifye: Yon fwaye ki nan yonabri DHS pou fanmi ap kapab pase tan nan yonabri kalifye nan objektif [Seksyon] seksyon 10-04(a)(8)(A) si fwaye an te abite nan yonabri DHS pandan omwen 90 jou anvan sètifikasyon an, san konte jou yo sote ki rive jiska dis (10) jou sivil. Yon moun ki nan yonabri pou granmoun k ap viv poukont yo ap kapab pase tan nan yonabri kalifye nan objektif [Seksyon] seksyon 10-04(a)(8)(A) si moun nan te abite nan yonabri DHS pandan omwen 90 jou nan 365 dènye jou yo. Depi yo otorize yon fwaye pase tan nan yonabri kalifye, li p ap pèdi elijiblite pou li resevwa yon lèt acha[,] dapre [soudivizyon (c)] seksyon 10-04(c) sa a lè li kite yon tipabri pou l ale nan yon lòt. Menm jan an, yon fwaye ki te sanzabri nan lari p ap pèdi elijiblite pou li resevwa yon lèt acha lè l antre nan yonabri HRA oswa DHS.

(2) Limit konsènan Pasaj nan Abri Kalifye: Manm Komisyon an kapab fikse yon dat pou pasaj nanabri kalifye a kòmanse, nan objektif [Seksyon] seksyon 10-04(a)(8)(A), aprè [sou] yon evalyasyon konsènan kondisyon mache lojman, to itilizasyonabri, ak disponiblite finansman an, lè Manm Komisyon an detèmine yon dat limit nesèsè pou

kenbe pwogram lan aktif. Manm Komisyon an ka retire dat limit sa a aprè li fin analize kondisyon mache lojman yo, to itilizasyonabri yo ak disponiblite finansman an.

(c) Lè yon fwaye te ranpli kondisyon elijiblite ki nan [soudivizyon (a)] seksyon 10-04(a) sa a, Manm Komisyon an dwe bay fwaye sa a yon lèt acha. Lèt la ap gen yon dat ekspirasyon epi l ap gen kondisyon pou fwaye a kontinye respekte egzijans [paragraf (a) soudivizyon sa a] seksyon 10-04(a) yo rive nan moman apwobasyon an.

(d) Kou fwaye a resevwa yon lèt acha CityFHEPS, [fwaye a dwe gen yon bay oswa yon lòt kontra lokasyon, pou omwen yon (1) lane, yon rezidans nan Vil New York ki te pase yon evalyasyon pou detèmine si li ofri sekirite epi si gen garanti pou yo abite ladann. Lwaye pou apatman an pa dwe depase lwaye maksimòm pa mwa a epi li dwe jwi pwoteksyon kont ogmantasyon lwaye pandan omwen yon (1) lane. Si yon fwaye gen yon moun ki po ko gen dizuit lane, yo dwe fè bay la oswa kontra lokasyon an pou yon apatman.] fwaye a dwe ranpli kondisyon anplis sa yo pou li resevwa èd CityFHEPS pou lwaye:

(1) Fwaye a dwe gen yon bay pou omwen yon (1) lane pou yon rezidans nan Vil New York ki te pase yon evalyasyon pou detèmine si li ofri sekirite epi si gen garanti pou yo abite ladann.

(2) Si fwaye a gen yon moun ki po ko gen 18 lane, yo dwe fè bay la oswa kontra lokasyon an pou yon apatman.

(3) Lwaye pou apatman an dwe rezonab an konparezon ak lòt apatman zòn nan kote apatman an ye a epi li pa dwe depase lwaye maksimòm pa mwa a, oswa li pa dwe depase lwaye reglemantè a nan ka yon apatman ki ap benefisye pèman anplis dapre seksyon 10-15(h).

(4) Fwaye a dwe jwi pwoteksyon kont ogmantasyon lwaye pandan omwen yon (1) lane, sof si apatman an sou règleman gouvènmantal konsènan lwaye yo aksepte, y ap otorize ogmantasyon lwaye yo otorize nan kad règleman sa a nan mitan ane.

(5) Si fwaye a p ap resevwa PA nan moman an, fwaye a dwe aplike pou nenpòt èd ki disponib nan kad Pati 352 Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York.

(6) Tout manm fwaye a ki elijib pou PA dwe resevwa PA epi tout manm ki resevwa PA dwe respekte kondisyon PA yo.

(e) Nan moman apwobasyon an, HRA ap kalkile montan èd pou lwaye pa mwa fwaye a[,] dapre [Seksyon] seksyon 10-06 owa 10-07 [chapit sa a], si sa aplikab. Sof nan ka [Seksyon] seksyon 10-09 [chapit sa a] prevwa, montan èd pou lwaye pa mwa a p ap chanje [pandan premye ane

fwaye a nan pwogram nan] jiska renouvèlman, kèlkeswa chanjman ki vin genyen nan konpozisyon fwaye a, nan revni li, lwaye maksimòm pa mwa a, oswa lwaye aktyèl pou apatman CityFHEPS la.

atik 7. *Nou ANILE Satik 10-05 Chapit 10 Tit 68 Règ Vil New York yo epi nou ajoute yon nouvo seksyon 10-05 konsa:*

atik 10-05 Lwaye Maksimòm pa Mwa

(a) Sof si seksyon 10-15(h) gen yon dispozisyon ki kontrè, HRA ap fikse lwaye maksimòm nan pou yon SRO oswa yon apatman ki kapab benefisye èd CityFHEPS pou lwaye nan kad souchapit sa a ann akò ak seksyon 982.503 Tit 24 Kòd Règleman Federal la, selon nòm Otorite Lojman Vil New York te adopte dapre seksyon sa a. HRA ap pibliye lwaye maksimòm CityFHEPS aktyèl la sou sitwèb HRA a.

(b) Lwaye maksimòm pa mwa pou yon chanm ki kapab benefisye èd CityFHEPS pou lwaye pandan premye ane kontra lokasyon an nan kad souchapit sa a se \$800. Anplis, pou lweyaj chanm, nou prevwa:

(1) Lè kontra lokasyon an fèt ak yon lokatè prensipal ki resevwa PA, lwaye pa mwa fwaye a pa kapab depase diferans ant obligasyon pèman lwaye lokatè prensipal la bay mèt kay la ak alokasyon lokatè prensipal la pouabri PA a nan kad Atik 352.3 Tit 18 Kòd, Règ, ak Règleman New York nan moman dat kontra lwaye a antre ann aplikasyon an.

(2) Yo pa kapab lwe okenn chanm apa nan men mèt kay la dirèkteman nan yon apatman ki gen lwaye ki estab oswa ki kontwole. Si yon moun lwe yon chanm ki nan yon apatman ki gen lwaye ki estab nan men yon lokatè prensipal, lwaye fwaye a pa mwa pa kapab depase kotizasyon pwopòsyonèl lwaye fwaye a nan kad Atik 2525.7(b) Tit 9 Kòd, Règ ak Règleman New York. Si yon moun lwe yon chanm ki nan yon apatman ki gen lwaye ki kontwole nan men yon lokatè prensipal, lwaye fwaye a pa kapab depase montan mèt kay la mande lokatè prensipal la.

(3) Chofaj, dlo cho, kouran ak gaz pou fè manje si fou an pa mache ak kouran dwe antre nan lwaye pou yon chanm.

atik 8. Nou modifye Atik 10-06 a 10-10 Chapit 10 Tit 68 Règ Vil New York yo konsa:

atik 10-06: Kalkil Montan Pèman Èd CityFHEPS pou Lwaye – Apatman ak SRO.

(a) Lè lojman CityFHEPS la se yon apatman oswa yon SRO, montan pèman pa mwa èd CityFHEPS pou lwaye a ap egal ak lwaye aktyèl pa mwa pou apatman CityFHEPS la, jiska lwaye maksimòm pa mwa a, mwens kotizasyon debaz patisipan nan pwogram nan[,] selon kalkil la[,] dapre [soudivizyon (b) ak (c)] seksyon 10-06(b) sa a. [Nan objektif soudivizyon sa a ak pou kalkil montan pèman èd CityFHEPS pou lwaye a, y ap trete yon fwaye ki gen yon (1) moun ki soti nan LINC IV pou ale nan CityFHEPS kòm yon fwaye de (2) moun.]

(b) Yo kalkile kotizasyon debaz patisipan nan pwogram nan konsa:

(1) Lè pa gen okenn manm nan fwaye a ki resevwa PA, kotizasyon debaz patisipan nan pwogram nan se 30 pousan revni total brit fwaye a pa mwa nan moman apwobasyon an oswa renouvèlman an. Men, si pandan renouvèlman an, oswa lè y ap rekalkile [sipleman] montan èd CityFHEPS pou lwaye a[,] dapre [paragraf (a) oswa (b)] [Seksyon] seksyon 10-09(a) oswa 10-09(b) [chapit sa a], yo jwenn fwaye a pa gen okenn revni, kotizasyon debaz patisipan nan pwogram nan ap egal ak alokasyon maksimòm pouabri PA pou kantite moun ki nan fwaye a.

(2) Lè fwaye a gen yon (1) manm oswa plis k ap resevwa PA, kotizasyon debaz patisipan nan pwogram nan se total: (A) 30 pousan revni total brit pa mwa fwaye PA a nan moman apwobasyon an oswa renouvèlman an, oswa alokasyon maksimòm pouabri PA pa mwa a pou kantite moun ki nan fwaye PA a ototal, pou montan ki pi wo a; epi (B) 30 pousan revni brit pa mwa nenpòt manm NPA.

(c) Sof nan ka [Seksyon] seksyon 10-09 prevwa, pèman èd CityFHEPS pou lwaye a p ap chanje jiska renouvèlman, kèlkeswa chanjman ki vin gen nan konpozisyon fwaye a, nan revni li, lwaye maksimòm pa mwa a, oswa lwaye aktyèl pou apatman CityFHEPS la.

(d) Nan moman yo apwouve yon [apatman CityFHEPS, HRA dwe peye mèt kay la premye mwa lwaye a anplèn ak pèman èd CityFHEPS pou lwaye a pou twa (3) pwochen mwa yo.] fwaye pou li benefisyè èd CityFHEPS pou lwaye nan kad souchapit sa a pou yon apatman oswa yon SRO, HRA ap peye mèt kay la pèman sa yo:

(1) Lè fwaye a rete nan rezidans li, HRA ap peye premye mwa lwaye a mwens tout alokasyon PA pouabri selon pwosedi abityèl la.

(2) Lè fwaye a ap demenaje pou ale nan yon nouvo rezidans, HRA ap peye premye mwa lwaye a anplèn plis pèman èd CityFHEPS pou lwaye a pou twa (3) pwochen mwa yo. Malgre deklarasyon pi wo a, HRA ap aksepte tout demann mèt kay la fè pou li resevwa pèman premye mwa lwaye davans lan ase.

(e) [Après sa,] Après HRA fin fè pèman nou dekri nan seksyon 10-06(d) a, li [dwe] ap peye mèt kay la pèman èd CityFHEPS pou lwaye a dirèkteman chak mwa toutotan fwaye a elijib epi toutotan finansman pou pwogram nan toujou disponib, sof HRA kapab peye mwa pèman èd CityFHEPS pou lwaye davans lan anplis selon desizyon li lè sa nesesè pou li atenn objektif plan ki gen tit Rezoud Pwoblèm Sanzabri nan Vil New York yo.

atik 10-07: Kalkil Montan Pèman Èd CityFHEPS pou Lwaye – Chanm.

(a) Lè lojman CityFHEPS la se yon chanm, kotizasyon debaz fwaye ki patisipe nan pwogram nan dwe se alokasyon aktyèl PA ki pi wo a pouabri fwaye a nan moman apwobasyon an oswa \$50 epi, montan pèman èd CityFHEPS pou lwaye pa mwa a ap egal ak pri lwaye aktyèl pa mwa pou apatman CityFHEPS la, jiska \$800, mwens kotizasyon debaz patisipan nan pwogram sa a, sof nan ka [soudivizyon (c)] seksyon 10-07(c) sa a prevwa konsènan kat (4) premye mwa fwaye a nan pwogram èd CityFHEPS pou lwaye.

(b) Sof nan ka [Seksyon] seksyon 10-09 [chapit sa a] prevwa, pèman èd CityFHEPS pou lwaye a p ap chanje jiska renouvèlman, kèlkeswa chanjman nan ki vin gen nan konpozisyon fwaye a, nan revni li, lwaye maksimòm pa mwa a, oswa lwaye aktyèl pou apatman CityFHEPS la.

(c) Nan moman yo apwouve yon [apatman CityFHEPS, HRA dwe peye mèt kay la kat (4) premye mwa lwaye a anplèn, sof si fwaye a ap resevwa yon alokasyon pouabri, HRA dwe peye premye mwa lwaye a anplèn ak pèman èd CityFHEPS pou lwaye pou twa (3) pwochen mwa yo.] fwaye pou li benefisye èd CityFHEPS pou lwaye pou yon chanm, HRA ap peye mèt kay la pèman sa yo:

(1) Lè fwaye a rete nan rezidans li, HRA ap peye premye mwa lwaye a mwens tout alokasyon PA pouabri selon pwosedi abityèl la.

(2) Lè fwaye a ap demenaje pou ale nan yon nouvo rezidans, HRA ap peye kat (4) premye mwa lwaye a anplèn, sof si fwaye a ap resevwa yon alokasyon pouabri PA, nan ka sa HRA ap peye premye mwa lwaye a anplèn ak pèman èd CityFHEPS pou lwaye pou twa (3) pwochen mwa yo. Malgre deklarasyon pi wo a, HRA ap aksepte tout demann mèt kay la fè pou li resevwa pèman premye mwa lwaye davans lan ase.

(d) [Après sa,] Après HRA fin fè pèman nou dekri nan seksyon 10-07(c) a, li dwe peye mèt kay la pèman èd CityFHEPS pou lwaye a dirèkteman chak mwa toutotan fwaye a elijib epi toutotan finansman pou pwogram nan disponib.

atik 10-08: Renouvèlman ak Restorasyon.

(a) Selon disponiblite finansman an, sof nan ka seksyon 10 a 11 prevwa, yon fwaye ki resevwa èd CityFHEPS pou lwaye nan kad souchapit sa a ap benefisye kat (4) renouvèlman pa ane pou èd la si fwaye a ranpli kondisyon elijiblite pèmanan sa yo:

- (1) Revni total brit fwaye a pa depase 250 pousan FPL la;
- (2) Fwaye a respekte kondisyon pwogram nan nèt ale; epi
- (3) Fwaye a kontinye abite nan apatman CityFHEPS la yo te apwouve anvan sa a oswa Manm Komisyon an te otorize yon demenajman nan yon nouvo apatman[,] dapre [Seksyon] seksyon 10-10 [chapit sa a].

(b) Lè yon fwaye pa respekte kondisyon pwogram yo nèt, selon jijman Manm Komisyon an, li kapab renouvle patisipasyon fwaye a nan [pwogram] Pwogram CityFHEPS la si fwaye a bay rezon valab ki fè l pa konfòme ak kondisyon pwogram yo, dapre Atik 351.26 Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York.

(c) Selon disponiblite finansman an, fwaye k ap resevwa èd CityFHEPS pou lwaye yo ap kontinye resevwa renouvèlman anplis pa ane aprè senkyèm ane yo nan pwogram èd CityFHEPS pou lwaye a si yo kontinye respekte kondisyon [soudivizyon (a)] seksyon 10-08(a) sa a epi si, nan moman renouvèlman an, yo respekte youn nan kritè sa yo:

- (1) Fwaye a gen yon manm ki gen 60 lane pou pi piti.
- (2) Fwaye a gen yon manm ki:
 - (A) resevwa avantaj federal pou andikap; oswa
 - (B) resevwa yon sibvansyon PA chak mwa regilyèman epi Manm Komisyon an te detèmine li ranpli kondisyon elijiblite pou avantaj federal pou andikap sou baz pwòp andikap dokimante li a.
- (3) Gen yon rezon valab pou renouvèlman toutotan fwaye a toujou elijib. Sof nan sikonstans san parèy, renouvèlman p ap disponib nan kad paragaf sa a pou fwaye ki pa konfòme ak obligasyon yo[,] dapre [Seksyon] seksyon 10-12(e) [chapit sa a]. Manm Komisyon an ap konsidere faktè sa yo pou li detèmine sikonstans san parèy yo:

pwoblèm sante ak pwoblèm sante mantal, erè DSS [depatman sèvis sosyal] fè, efò pou yo korije erè a, oswa lòt sikonstans ki pa depann de fwaye a.

(d) Selon disponiblite finansman an, si yo pa renouvle yon fwaye nan CityFHEPS la nan kad souchapit sa a, yo kapab restore l nan yon delè yon (1) lane aprè yo fin kanpe l si fwaye a respekte kondisyon renouvèlman CityFHEPS yo nan kad souchapit sa a nan moman l ap aplike pou restorasyon an. Si plis pase yon (1) lane te pase depi yo te fin kanpe fwaye a, oswa si yo te retire fwaye a nan pwogram CityFHEPS la aprè l te fin resevwa èd CityFHEPS pou lwaye a pandan omwen senk (5) lane, fwaye a kapab fè yo restore CityFHEPS li a sèlman pou yon rezon valab nan kad souchapit sa a.

[(e) Si yo te transfere yon fwaye nan CityFHEPS, dapre Seksyon 10 a 11 chapit sa a oswa si yo te transfere li pandan li te nan pwogram LINC VI oswa nan pwogram Chemen Lakay, yo dwe konte tan fwaye a te pase ap patisipe nan pwogram LINC, LINC VI, CITYFEPS, SEPS oswa nan pwogram Chemen Lakay rive senk (5) lane jan soudivizyon (a) seksyon sa a dekri l la, sof yo p ap pran ane patisipasyon fwaye ki soti nan CITYFEPS, LINC VI oswa Chemen Lakay mwens pase dis (10) mwa aprè demaraj ane aktyèl patisipasyon fwaye a nan pwogram sa yo ankont. Men, si pèman èd CityFHEPS pou lwaye a demare dis (10) mwa oswa plis aprè demaraj ane aktyèl patisipasyon fwaye a nan CITYFEPS, LINC VI oswa Chemen Lakay, kidonk yo ap konte ane patisipasyon fwaye a nan pwogram sa yo kòm yon ane anplen.]

[(f)] (e) Manm Komisyon an ap detèmine elijiblite yon fwaye pou renouvèlman nan fen chak ane patisipasyon fwaye a nan pwogram nan nan kad chapit sa a, selon disponiblite finansman an. Anvan renouvèlman chak ane a, Manm Komisyon an ap rekalkile pèman èd CityFHEPS pou lwaye fwaye a[,] dapre [Seksyon] seksyon 10-06 oswa 10-07 [chapit sa a], si sa aplikab. Sof nan ka [Seksyon] seksyon 10-09 [chapit sa a] prevwa, pèman èd CityFHEPS pou lwaye a p ap chanje pandan peryòd renouvèlman yon (1) lane a, kèlkeswa chanjman ki vin genyen nan konpozisyon fwaye a, nan revni li, lwaye maksimòm pa mwa a, oswa lwaye aktyèl la pou apatman CityFHEPS la.

atik 10-09 Ajiste Montan Pèman Èd CityFHEPS pou Lwaye, Kanpe Pèman Èd pou Lwaye, oswa Kanpe Pwogram lan Anvan Renouvèlman.

(a) Sou demann fwaye a, lè revni fwaye a chanje nan pwen pou kotizasyon debaz kliyan fwaye a ta diminye, Manm Komisyon an ap rekalkile montan pèman èd CityFHEPS pou lwaye a dapre [Seksyon] seksyon 10-06 owa 10-07 [chapit sa a], si sa aplikab.

(b) Si alokasyonabri PA fwaye a monte anvan renouvèlman an, sa ki fè total pèman èd CityFHEPS pou lwaye ak alokasyonabri PA a depase lwaye aktyèl oswa maksimòm fwaye a,

pou montan ki pi ba a, HRA dwe redui montan èd CityFHEPS pou lwaye a pou li egal ak diferans ant alokasyon abri PA fwaye a ak lwaye aktyèl oswa maksimòm ki pi ba a.

(c) Manm Komisyon an kapab kanpe pèman èd CityFHEPS pou lwaye si:

- (1) fwaye a kite apatman CityFHEPS la;
- (2) mèt kay la pa konfòme l ak kondisyon [nan Seksyon] nan seksyon 10 a 14 [chapit sa a] dekri yo, aprè sa, yo kapab otorize fwaye a demenaje[,] dapre [Seksyon] seksyon 10-10 [chapit sa a]; oswa
- (3) yo kanpe patisipasyon fwaye a nan CityFHEPS, epi yo kanpe pèman yo[,] dapre [Seksyon] seksyon 10 a 13(e).

(d) Yo kapab kanpe patisipasyon yon fwaye nan Pwogram CityFHEPS la anvan renouvèlman an lè Manm Komisyon an detèmine fwaye a pa t konfòme l ak kondisyon ki nan [Seksyon] seksyon 10 a 12 [chapit sa a] oswa li te refize konfòme l ak kondisyon sa yo san yon rezon valab.

atik 10-10 Demenajman.

(a) Yon fwaye ki ap patisipe nan Pwogram CityFHEPS la nan kad chapit sa a pa kapab demenaje pou ale nan yon nouvo rezidans epi pou l toujou elijib pou Pwogram CityFHEPS la sof si li jwenn otorizasyon Manm Komisyon an. Fwaye a dwe jwenn otorizasyon sa a anvan li ale nan yon nouvo rezidans, sof Manm Komisyon an kapab konsidere yon demann otorizasyon yon fwaye fè aprè demenajman an si li pa kapab jwenn otorizasyon sa a anvan demenajman an akòz sikonstans ki pa depann de fwaye a.

(b) Manm Komisyon an dwe otorize yon demenajman si fwaye a ap soti nan yon chanm pou ale nan yon apatman, sof si fwaye a ap vyole yon kontra lokasyon pou chanm nan, nan ka sa fwaye a dwe bay swa yon rezon valab pou demenajman an oswa mèt kay la dispoze kite patisipan nan pwogram nan lib pou l kase kontra lokasyon an. Nan tout lòt sitiyasyon, Manm Komisyon an dwe otorize yon fwaye kite yon rezidans pou ale nan yon lòt rezidans depi fwaye a pwouve gen yon rezon valab pou demenajman an. Si fwaye a mande demenaje pou li ale nan yon rezidans kote lwaye a pi wo pase lwaye rezidans kote li ye nan moman an, otorizasyon an ap depann de disponiblite finansman an tou.

(c) Si Manm Komisyon an otorize fwaye a demenaje pou li ale nan yon nouvo apatman CityFHEPS, Manm Komisyon an dwe rekalkile montan pèman èd CityFHEPS pou lwaye pa mwa a, epi montan sa a pa dwe chanje pandan yon (1) ane apati dat kontra lokasyon pou nouvo apatman CityFHEPS la antre ann aplikasyon, sof nan ka [Seksyon] seksyon 10-09

[chapit sa a] prevwa. Si dat kontra lokasyon pou nouvo apatman CityFHEPS la ap antre ann aplikasyon nan yon delè ki pa depase dis (10) mwa aprè kòmansman ane aktyèl patisipasyon fwaye a nan pwogram nan, lè sa ane aktyèl patisipasyon fwaye a nan Pwogram CityFHEPS la ap rekòmanse nan dat kontra lokasyon an ap antre ann aplikasyon an. Si dat kontra lokasyon pou nouvo rezidans lan ap antre ann aplikasyon nan yon delè ki depase dis (10) mwa aprè kòmansman ane aktyèl patisipasyon fwaye a nan pwogram nan epi fwaye a elijib pou renouvèlman Pwogram CityFHEPS la, lè sa peryòd renouvèlman fwaye a dwe kòmanse nan dat aplikasyon kontra lokasyon sa a.

***atik 9.** Nou ANILE Seksyon 10 a 11 Chapit 10 Tit 68 Règ Vil New York yo epi nou ajoute yon nouvo seksyon 10 a 11 konsa:*

atik 10 a 11 Fwaye ki te Benefisye LINC, SEPS, CITYFEPS, Souchapit B CityFHEPS oswa Chemen Lakay Anvan sa.

Si yon fwaye te soti nan pwogram LINC, SEPS, CITYFEPS oswa Chemen Lakay, oswa nan Pwogram CityFHEPS nou dekri nan souchapit B chapit sa a pou li antre nan Pwogram CityFHEPS nou dekri nan souchapit sa a, yo dwe konte peryòd fwaye a te fè ap patisipe nan pwogram sa yo rive senk (5) lane seksyon 10-08(a) fikse konsa:

(a) Pou fwaye ki soti nan CITYFEPS, Souchapit B CityFHEPS, LINC VI oswa Chemen Lakay mwens pase dis (10) mwa aprè kòmansman ane aktyèl patisipasyon fwaye a nan pwogram sa a, yo p ap konte ane aktyèl patisipasyon fwaye a nan pwogram sa a nan moman transfè a.

(b) Pou fwaye ki soti nan CITYFEPS, Souchapit B CityFHEPS, LINC VI oswa Chemen Lakay dis (10) mwa oswa plis aprè kòmansman ane aktyèl patisipasyon fwaye a nan pwogram sa a, y ap konte ane aktyèl patisipasyon fwaye a nan pwogram sa a kòm yon ane anplen.

***atik 10.** Nou modifiye Atik 10-12 a 10-15 Chapit 10 Tit 68 Règ Vil New York yo konsa:*

atik 10-12 Kondisyon pou Fwaye a Respekte.

(a) Fwaye a dwe:

(1) bay enfòmasyon ki egzat, ki konplè epi ki ajou konsènan revni ak konpozisyon fwaye a; epi

(2) bay dokiman sipò si sa nesesè pou verifye elijiblite li ak enfòmasyon ki nesesè pou detèmine montan sipleman lwaye CityFHEPS la, lwaye maksimòm pa mwa a, ak tout kotizasyon ki obligatwa pou manm fwaye a peye.

(b) Fwaye a dwe dakò pou yo peye mèt kay la sipleman lwaye CityFHEPS li a dirèkteman.

(c) Tout manm fwaye a ki elijib pou PA dwe resevwa PA.

(d) Si yon fwaye ranpli kondisyon pou li elijib pou tout avantaj lojman federal oswa leta, tankou Atik 8 oswa FHEPS, sou demann HRA, yo kapab mande fwaye a [dwe] aplike pou avantaj sa yo epi resevwa yo si yo ofri l yo.

(e) Fwaye a dwe peye mèt kay la diferans ant montan pèman èd CityFHEPS pou lwaye a ak lwaye fwaye a, mwens tout alokasyon pou abri PA ak tout kotizasyon yon lòt enstans peye mèt kay la epi, si fwaye a an reta nan peye lwaye a, li dwe deklare Manm Komisyon an tout aryere prese prese.

(f) Fwaye a dwe enfòme Manm Komisyon an prese prese si fwaye a kite apatman CityFHEPS la.

(g) Fwaye a dwe enfòme Manm Komisyon an prese prese si patisipan nan pwogram nan resevwa dokiman pou li degèpi.

[(h) Rezève.]

[(i)] (h) Fwaye a dwe depoze yon demann pou tout èd yo bay pou travay li gen dwa pou resevwa. Se kapab avantaj piblik ak kredi nan taks, tankou Kredi nan Taks sou Revni ou Touche (EITC), Kredi nan Taks pou Timoun (CTC) ak Kredi nan Taks pou Gadri (CCTC).

[(j)] (i) Fwaye a dwe pran tout mezi ki rezonab epi ki apwopriye epi chache tout sèvis apwopriye ki nesesè pou li prezève kontra lokasyon li an pou patisipan nan pwogram nan epi li dwe travay pou l vin endepandan, tankou, pou site sa yo ase, sèvis plasman, medyasyon mèt kay ak lokatè, konsèy finansye ak sèvis kont degèpisman. Pwofesyonèl ki ofri sèvis ki a disponiblite fwaye yo oswa biwo lokal HomeBase kapab ba yo èd oswa referans pou sèvis sa yo.

[(k)] (j) Yon patisipan nan pwogram nan ki ap lwe yon chanm oswa yon SRO dwe enfòme Manm Komisyon an prese prese si [li gen entansyon] yo gen entansyon ajoute yon moun ki po ko gen [dizuit] 18 lane nan fwaye a epi li dwe mande otorizasyon pou li demenaje pou ale nan yon apatman[,] dapre [Seksyon] seksyon 10-10.

[(l)] (k) Si yo detèmine nenpòt nan manm fwaye a elijib pou abri HRA nan kad Atik 452.9 Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York, fwaye a pa dwe mete moun ki fè zak vyolans domestik ki fè yo detèmine li elijib la.

[(m)] (l) Anplis, fwaye a dwe kopere ak Vil la san rezèv nan administrasyon Pwogram CityFHEPS la.

atik 10 a 13 Rankont pou Revizyon Ajans lan ak Pwosesis Rekou Administratif DSS.

(a) Dwa pou Revizyon Administratif DSS. Yon aplikan, yon rezidan nan abri, yon ansyen patisipan oswa yon patisipan ki nan pwogram nan aktyèlman oswa yon manm fwaye a kapab mande yon rankont pou revizyon ajans lan ak/oswa yon odyans administratif DSS pou chache jwenn revizyon nenpòt desizyon oswa aksyon yo pran nan kad [souchapit] chapit sa a, ni tout desizyon yo te dwe pran yo pa t pran, oswa tout desizyon yo pa t pran atan pou fè aplike dispozisyon [souchapit] chapit sa a.

(b) Rankont pou Revizyon Ajans lan.

(1) Si yon moun mande ajans lan yon rankont pou revizyon[,] dapre [soudivizyon (a)] seksyon 10-13(a) sa a, HRA dwe fè yon revizyon enfòmèl oswa li dwe eseye rezoud pwoblèm li souve a.

(2) Yon moun kapab mande ajans lan yon rankont pou revizyon san moun sa a pa mande yon odyans administratif DSS tou. Si yon moun mande ajans lan yon rankont pou revizyon, sa p ap anpeche moun nan mande yon odyans administratif DSS annaprè.

(3) Yon moun dwe mande ajans lan yon rankont pou revizyon swasant jou aprè desizyon oswa aksyon moun nan konteste a, a kondisyon si yo pwograme yon odyans administratif DSS, moun nan dwe mande ajans lan yon rankont pou revizyon yon fason rezonab anvan dat yo pwograme pou odyans lan.

(4) Yon demann pou yon rankont pou revizyon ajans lan ap pwolonje peryòd pou mande yon odyans administratif DSS jan [paragraf (2) soudivizyon (c)] seksyon 10-13(c)(2) sa a dekri l la rive swasant jou aprè dat rankont pou revizyon ajans lan.

(c) Demann pou yon Odyans Administratif DSS.

(1) Yo dwe fè yon demann pou yon odyans administratif alekri. Yo dwe soumèt demann alekri sa a pa lapòs, pa mwayen elektwonik oswa pa faks, oswa pa lòt mwayen DSS kapab bay nan yon avi rekou.

(2) Sof nan ka [paragraf (4) soudivizyon (b)] seksyon 10-13(b)(4) sa a prevwa, yo dwe fè yon demann pou yon odyans administratif swasant jou aprè desizyon oswa aksyon li konteste a.

(d) Repezantan Otorize.

(1) Sof lè sa pa posib pou yo siyen yon otorizasyon alekri, yon moun oswa yon òganizasyon ki ap chache repezante yon moun ki te mande yon rankont oswa yon odyans nan kad seksyon sa a dwe gen otorizasyon alekri moun lan pou repezante li nan yon rankont pou revizyon ajans lan oswa nan yon odyans administratif epi pou revize dosye li, a kondisyon avoka moun sa a angaje a pa egzije otorizasyon elekri sa a. Y ap konsidere yon anplwaye avoka sa a kòm yon repezantan otorize si anplwaye sa a prezante otorizasyon alekri avoka a ba li oswa si avoka sa a enfòmè DSS konsènan otorizasyon anplwaye a pa telefòn.

(2) Depi DSS resevwa avi ki di yon moun oswa yon òganizasyon te jwenn otorizasyon pou repezante yon moun nan yon rankont pou revizyon ajans lan oswa pou yon odyans administratif, repezantan sa a ap resevwa kopi tout lèt DSS voye bay moun lan ki gen pou wè ak rankont lan ak odyans lan.

(e) [Kontinyasyon Èd la] Èd k ap Kontinye.

(1) Si yon patisipan nan pwogram lan mande yon rekou administratif pou yon desizyon yo pran pou redui pèman lèd CityFHEPS pou lwaye a, pou yo limite li, sispann oswa kanpe li, patisipan sa a nan pwogram nan dwe gen dwa pou li kontinye resevwa pèman èd CityFHEPS pou lwaye nan montan aktyèl la nan moman yo pran desizyon an jiskaske yo pran yon desizyon sou odyans lan[,] dapre [soudivizyon (I)] seksyon 10-13(I) sa a, depi:

(A) Patisipan nan pwogram nan mande rekou administratif la dis (10) jou aprè yo fin voye avi konsènan desizyon an ba li pa lapòs; epi

(B) Rekou a chita sou yon reklamasyon konsènan kalkil ki pa kòrèk oswa yon desizyon sou fè ki pa kòrèk.

(2) Pa gen dwa pou pèman èd CityFHEPS pou lwaye a kontinye[,] dapre soudivizyon sa a lè sèl pwoblèm konsènan kontestasyon an se yon pwoblèm lwa oswa politik lokal, etatik oswa federal, oswa chanjman nan lwa lokal, etatik oswa federal.

(3) Pèman èd CityFHEPS pou lwaye p ap kontinye annatandan yo pran yon desizyon sou odyans lan lè:

(A) Patisipan nan pwogram nan chwazi dispansè dwa pou li kontinye resevwa èd sa a alekri; oswa

(B) Patisipan nan pwogram nan pa prezante nan odyans administratif la epi li pa gen yon rezon valab pou li pa t prezante.

(4) Si yon patisipan nan pwogram nan mande yon lòt rekou[,] dapre [soudivizyon (m)] seksyon 10-13(m) sa a, pèman èd CityFHEPS pou lwaye a ap kontinye san rete aprè yo fin rann desizyon sou odyans lan jiskaske yo rann yon desizyon alekri[,] dapre [soudivizyon (l)] seksyon 10-13(m) sa a.

(f) Avi. DSS dwe bay moun ki te mande yon odyans nan kad seksyon sa a avi konsènan dat, lè, ak kote odyans administratif la ap fèt nan mwens pase sèt (7) jou sivil anvan dat yo pwograme pou odyans administratif la, sof si yo te rezoud pwoblèm ki alorijin demann pou gen yon odyans administratif la epi moun nan te anile demann odyans li an.

(g) Egzamen Dosye a. Moun ki te mande yon rankont oswa yon odyans nan kad seksyon sa a oswa reprezantan otorize li gen dwa pou egzamine sa ki nan dosye [pwogram] Program CityFHEPS li a, si li egziste, ak tout dokiman ak dosye HRA gen entansyon itilize nan odyans administratif la. Sou demann pa telefòn oswa alekri, HRA dwe bay moun sa a kopi tout dokiman sa yo, ak kopi nenpòt dokiman anplis HRA genyen moun nan idantifye epi mande pou li prepare li pou odyans administratif la. HRA dwe bay dokiman sa yo gratis nan yon tan ki rezonab anvan odyans administratif la. Si moun nan fè demann pou dokiman sa yo nan mwens pase senk (5) jou travay anvan odyans administratif la, HRA dwe ba li kopi dokiman sa yo anvan lè odyans administratif la.

(h) Ajounman. Ofisye odyans administratif la kapab ranvwaye odyans administratif la pou rezon valab selon desizyon pa li oswa sou demann moun ki te mande odyans administratif la oswa reprezantan otorize li, oswa HRA.

(i) Òganizasyon Odyans Administratif la.

(1) Se yon ofisye odyans san patipri DSS nonmen ki dwe gen pouvwa pou fè yo fè deklarasyon sou sèman epi ki dwe fè konvokasyon epi ki pa dwe gen konesans pèsònèl davans sou enfòmasyon konsènan desizyon oswa aksyon yo konteste a ki dwe òganize odyans administratif la.

(2) Odyans administratif la dwe enfòmèl, yo dwe aksepte tout prèv ki itil ak prèv ki enpòtan epi yo pa dwe aplike règ legal pou prèv yo. Odyans administratif la dwe chita sèlman sou pwoblèm reyèl ak pwoblèm legal yo souve konsènan desizyon espesifik ki fè yo te mande yon odyans administratif.

(3) Moun ki te mande odyans administratif la dwe gen yon dwa pou yon avoka oswa yon lòt reprezantan reprezante li, pou li temwanye, pou vini avèk temwen pou bay temwayaj, pou bay prèv apati dokiman, pou li bay prèv ki opoze avèk prèv HRA prezante, pou li mande ofisye odyans lan fè konvokasyon, epi pou li egzamine tout dokiman HRA bay.

(4) Yo dwe fè yon anrejistreman odyo, yon anrejistreman odyovizyèl oswa yon transkripsyon odyans administratif la alekri.

(j) Abandon Demann pou Odyans Administratif.

[(1) DSS ap konsidere yo abandone demann pou gen yon odyans administratif la si ni moun ki te mande odyans administratif la ni reprezantan otorize li pa prezante nan odyans administratif la, sof si swa moun nan oswa reprezantan otorize li a:

(A) te kontakte DSS anvan odyans administratif la pou mande yo repwograme odyans administratif la; oswa

(B) kenz jou sivil aprè dat odyans administratif yo te pwograme a, li te kontakte DSS epi li te bay yon rezon valab ki fè li pa t prezante nan odyans administratif nan dat yo te pwograme a.

(2) DSS ap remete dosye a sou lis si moun ki te mande odyans administratif la oswa reprezantan otorize li a reponn ak kondisyon paragaf (1) soudivizyon sa a.]

Ann absans yon demann pou repòte yon odyans administratif anvan dat odyans lan, DSS ap konsidere yo abandone demann pou gen odyans administratif la si ni moun ki te mande odyans administratif la ni reprezantan otorize li a pa prezante nan odyans administratif la. Men, DSS ap remete dosye a sou lis si kenz jou sivil aprè dat odyans administratif yo te pwograme a, moun ki te mande odyans administratif la oswa reprezantan otorize li a kontakte DSS epi li bay yon rezon valab ki fè li pa t prezante nan odyans lan.

(k) Dosye Odyans lan. Anrejistreman oswa transkripsyon alekri odyans lan, tout papyè ak demann yo fè an rapò avèk odyans lan, ak desizyon odyans lan tout ansanm reprezante sèl dosye konplè odyans administratif la.

(l) Desizyon Odyans lan. Ofisye odyans lan dwe rann yon desizyon sou baz dosye odyans lan sèlman. Li dwe rann desizyon an alekri epi li dwe mansyone pwoblèm ki alabaz odyans administratif la, done enpòtan yo, ak lwa, règleman ki aplikab ak politik yo apwouve, si genyen, ki sèvi fondman desizyon an. Desizyon an dwe idantifye pwoblèm yo dwe detèmine yo, fè konstataasyon reyalyite a, bay rezon pwoblèm yo dwe detèmine a, epi lè sa apwopriye, mande HRA pran mezi espesifik.

(1) Y ap voye yon kopi desizyon an bay chak moun ki konsène epi bay reprezantan yo, si yo genyen. Yo dwe mete yon avi nan desizyon an pou moun ki te mande odyans administratif la konsènan dwa li genyen pou li pran lòt rekou ak pwosedi li dwe suiv pou li pran rekou sa yo.

(2) HRA pa angaje lè yon desizyon depase konpetans ofisye odyans administratif la oswa lè li pa ann akò ak lwa federal, leta oswa lokal oswa ak règ sa yo. Si Manm Komisyon an detèmine yon desizyon odyans lan pa angaje HRA, Manm Komisyon an dwe enfòmè moun ki te mande odyans lan konsènan desizyon sa a prese prese, epi l ap bay rezon ki fè yo pran desizyon an. Li dwe bay avi sa a alekri epi li dwe enfòmè moun nan li gen dwa pou li jwenn yon revisyon jidisyè.

(m) Lòt Rekou.

(1) Yo kapab fè Manm komisyon an yon demann rekou alekri kont yon desizyon yon ofisye odyans pran depi [DSS resevwa li] Manm Komisyon an resevwa li apati pwosedi yo dekri nan avi ki akonpaye desizyon odyans lan pa pi ta pase kenz jou travay aprè DSS voye desizyon ofisye odyans lan. Dosye ki devan Manm Komisyon an dwe gen dosye odyans lan, desizyon ofisye odyans lan ak tout deklarasyon sou sèman, prè apati dokiman, oswa agiman alekri aplikan an oswa patisipan nan pwogram nan ka vle soumèt.

(2) Manm Komisyon an dwe rann yon desizyon alekri apati dosye odyans lan ak tout lòt dokiman aplikan an oswa patisipan nan pwogram nan [ak] oswa HRA soumèt.

(3) Y ap voye yon kopi desizyon Manm Komisyon an, ansanm avèk avi alekri a pou aplikan an oswa patisipan nan pwogram nan sou dwa li genyen pou mande yon revizyon jidisyè, bay chak moun ki konsène epi bay reprezantan otorize yo, si yo genyen.

(4) Kou Manm Komisyon an pran desizyon an[,] aprè yon rekou nan kad seksyon sa a se yon desizyon definitiv epi li angaje HRA epi HRA dwe konfòmè li avèk desizyon an.

atik 10 a 14 Kondisyon pou Mèt Kay la Respekte.

(a) Yo entèdi yon mèt kay ki siyen yon bay oswa yon lòt kontra lokasyon ak yon fwaye ki resevwa èd CityFHEPS pou lwaye egzije, mande oswa resevwa montan ki depase pri lwaye a oswa frè rezonab la jan bay la oswa kontra lokasyon an prevwa sa kèlkeswa chanjman ki ta vin genyen nan konpozisyon fwaye a.

(b) Lè HRA fè pèman èd CityFHEPS pou lwaye pa mwa a ak pèman alokasyon pou abri PA pa mwa a (si sa aplikab) anplèn anvan dènye jou nan mwa a, y ap konsidere yo peye pèman sa yo atan pou lwaye apatman CityFHEPS pa mwa sa a, kèlkeswa dispozisyon kontrè ki nan bay apatman CityFHEPS la.

- (c) Mèt kay yo [gen obligasyon pou] dwe aksepte kupon garanti HRA olye yon depo garanti ann espès epi yo pa kapab mande kliyan an okenn garanti anlès.
- (d) Mèt kay yo pa dwe fè yon fwaye kite yon apatman pou ale nan yon lòt san li pa jwenn otorizasyon HRA ak fwaye a alekri.
- (e) Mèt kay yo dwe enfòmè HRA nan delè 5 jou travay aprè yo fin aprann fwaye a pa abite nan apatman ki benefisye èd CityFHEPS pou lwaye a ankò.
- (f) Mèt kay yo dwe enfòmè HRA nan delè 5 jou travay si yon pwosedi ki afekte lokasyon patisipan nan pwogram nan demare.
- (g) Mèt kay yo dwe enfòmè HRA prese prese nan ka chanjman mèt kay, pwopriyete lokal ki konsène yo, oswa konpayi ki jere lokal ki konsène yo.
- (h) Si fwaye a pa abite nan yon apatman CityFHEPS ankò, mèt kay la dwe retounen tout pèman HRA fè pandan tout peryòd fwaye a te kite apatman an.
- (i) Mèt kay yo dwe retounen Vil la tout pèman anlès prese prese ni, pou site sa yo ase, vèsman yo fè pa erè oswa aprè yo fin jwenn yon enfòmasyon ki pa egzat, yon enfòmasyon magouy oswa ki pa konplè mèt kay la bay an rapò ak pwogram CityFHEPS la.
- (j) Yo kapab entèdi mèt kay yo patisipe nan pwogram èd pou lwaye Vil la si yo vyole nenpòt nan kondisyon mèt kay dwe respekte. Anvan HRA mete yon mèt kay sou yon lis diskalifikasyon, li ap bay mèt kay la avi ak posiblite pou mèt kay la fè kontestasyon alekri.

atik 10 a 15 Lòt Dispozisyon.

- (a) Yo pa kapab asosye èd CityFHEPS pou lwaye ak okenn lòt sibvansyon pou lwaye sof si yo jwenn otorizasyon Manm Komisyon an anvan lè asosyasyon an posib epi lè li pa kontrè ak lalwa, [men] sof yo kapab itilize èd CityFHEPS pou lwaye ak yon alokasyonabri PA depi[,] sa ann akò ak Atik 352.3 Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York epi yo kapab aplike l pou yon lwaye yo te jele nan kad Pwogram SCRIE oswa DRIE a lè anlès fwaye a elijib pou Pwogram CityFHEPS la.
- (b) Aplikan ak rezidan nanabri yo responsab pou idantifye lojman ki genyen. Men, pèsonèlabri a ap bay rezidanabri HRA ak DHS èd pou yo chache lojman yo. Anlès, y ap bay rezidanabri ak lòt moun yo estime ki ranpli kondisyon pou yo elijib pou èd CityFHEPS pou lwaye yon lèt acha CityFHEPS.
- (c) HRA p ap konsève yon lisdatant pou [pwogram] Pwogram CityFHEPS la.
- (d) Y ap limite kantite fwaye ki elijib yo kapab otorize resevwa èd CityFHEPS pou lwaye [nan kad seksyon sa a] dapre montan finansman ki disponib.

(e) Y ap otorize yon patisipan nan pwogram LINC VI ki gen yon bay pou yon apatman ki sou règleman gouvènmantal konsènan lwaye otorize nan dat aplikasyon règ sa a resevwa yon renouvèlman bay yo a nan to nenpòt antite gouvènmantal lwa lokal, etatik oswa federal otorize fikse lwaye san fè yo tò konsènan elijiblite yo pou CityFHEPS.

(a) Y ap refere fwaye ki nan [pwogram] Pwogram CityFHEPS bay pwofesyonèl ki ofri sèvis ki ap mete yo an kontak ak sèvis ki apwopriye nan kominote yo a.

(g) Si HRA ofri mèt kay yo avantaj pou yo patisipe nan [pwogram] Pwogram CityFHEPS la, avantaj sa yo pa dwe disponib pou lweyaj yon apatman kote lokatè ki te la anvan an t ap resevwa CityFHEPS[, FHEPS oswa èd lwaye nan kad Chapit 7 oswa 8 tit sa a,] sof si mèt kay la kapab pwouve li gen yon rezon valab pou li pa renouvle lokatè sa a, tankou pou vyolasyon grav oswa vyolasyon ki repete konsènan bay la. Jeneralman, mèt kay la p ap jwenn yon rezon valab sof si li te bay lokatè a yon avi alekri 30 jou anvan sa sou entansyon pou li pa renouvle li, ak rezon ki fè li p ap renouvle l la.

(h) Sof tout dispozisyon ki kontrè nan chapit sa a, selon desizyon HRA li kapab ofri mèt kay ki gen apatman ki sou kontwòl Liv Maketin [Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York (“HPD”)/Sosyete Devlopman Lojman Vil New York (“HDC”)] HPD/HDC pèman dapre yon akò reglemantè oswa yon dokiman parèy, ki fè HPD oswa HDC egzijje oswa otorize apatman yo gen moun oswa fanmi ki sanzabri olye yon tiraj oswa aprè yon tiraj, lè pèman sa yo nesesè pou fè diferans ant lwaye maksimòm CityFHEPS nan kad seksyon 10-05 ak lwaye reglemantè a. Nan ka sa a, lwaye apatman an kapab depase nivo lwaye maksimòm seksyon 10-05 fikse a, ni nan moman premye apwobasyon demann CityFHEPS la, men li pa kapab depase lwaye reglemantè a.

(i) Yon mèt kay pa kapab mari/madanm, patnè, papa/manman, pitit, bopè/bèlmè, pitit pa alyans, granpè oswa granmè, pitit pitit, sè oswa frè, demi sè oswa demi frè nenpòt manm fwaye a. Yo kapab dispansè egzijans sa yo pou rezon valab.

atik 11. *Nou ajoute yon nouvo Souchapit B pou modifiye Chapit 10 Tit 68 Règ Vil New York yo konsa:*

SOUCHAPIT B

CITYFHEPS: ÈD POU LWAYE KI BAZE SOU PWOJÈ

atik 10 a 16 Apatman Souchapit B.

(a) HRA ap mete kèk apatman nan lojman Vil New York ki benefisye èd pou lwaye nan kad souchapit sa a nan kategori apatman Souchapit B. Se pwofesyonèl ki pa gen objektif rantre lajan ki ap jere apatman Souchapit B yo dapre kontra yo pase ak Vil la epi li ap vize popilasyon espesifik ki nanabri DHS ki ranpli kondisyon kalifikasyon seksyon 10-03(a)(1)-(6) oswa seksyon 10-04(a) etabli. Apatman Souchapit B yo kapab konsène tout yon bildin oswa yon bon kantite apatman anndan yon bildin. HRA ap mete apatman nan kategori Souchapit B sou baz faktè tankou kapasite pwofesyonèl la, pozisyon jewografik ak prèv nivo kapasite òganizasyon, ak sou baz pi gran enterè Vil la.

(b) Lokatè apatman Souchapit B yo dwe genyen swa yon kontra lokasyon oswa yon bay pou lwaye estab yo pase ak yon pwofesyonèl Souchapit B. Kontra a dwe fikse lwaye yo epi yo dwe egal ak lwaye legal ki pi piti pou apatman an oswa lwaye maksimòm HRA etabli dapre seksyon 10-05 lan.

(c) Pwofesyonèl Souchapit B yo dwe bay sèvis jesyon ka ki disponib pou lokatè Souchapit B.

atik 10 a 17 Premye Elijiblite.

Pou yon fwaye elijib pou yon premye ane èd CityFHEPS pou lwaye nan kad souchapit sa a, li dwe ranpli kondisyon seksyon 10-03(a)(1)-(6) oswa seksyon 10-04(a) yo epi, aprè li fin resevwa yon referans HRA, li te aplike pou yon apatman Souchapit B epi yo te aksepte li nan yon apatman Souchapit B.

atik 10 a 18 Kalkil Montan Pèman Èd CityFHEPS pou Lwaye.

(a) Y ap kalkile montan pèman èd CityFHEPS pou lwaye pa mwa nan non yon fwaye nan kad souchapit sa a dapre seksyon 10-06(a) ak (b), lè yo itilize lwaye maksimòm seksyon 10-05 prevwa a.

(b) Sof nan ka seksyon 10 a 20 prevwa, pèman èd CityFHEPS pou lwaye yon fwaye p ap chanje jiska renouvèlman, kèlkeswa chanjman ki vin genyen nan konpozisyon fwaye a, nan revni li, lwaye maksimòm pa mwa a, oswa lwaye aktyèl pou apatman Souchapit B a.

(c) Y ap fè pèman montan èd CityFHEPS pou lwaye pa mwa a dapre kontra ant Vil la ak pwofesyonèl ki pa gen objektif rantre lajan ki ap jere apatman Souchapit B a. Lè yon fwaye kite

yon apatman Souchapit B, HRA ap fè tout efò ki rezonab pou li ede pwofesyonèl la pase apatman an bay yon lòt fwaye ki elijb pou diminye oswa elimine tout vid nan pèman lwaye pwofesyonèl la ap resevwa a.

atik 10 a 19 Renouvèlman ak Restorasyon.

(a) Selon disponiblite finansman an, yon fwaye ki ap resevwa èd CityFHEPS pou lwaye nan kad souchapit sa a ap benefisye renouvèlman pa ane pou èd sa a toutotan li kontinye ranpli kondisyon elijiblite sa yo:

(1) Fwaye a respekte kondisyon pwogram nan nèt ale: epi

(2) Fwaye a kontinye abite nan apatman yo te otorize resevwa pèman èd CityFHEPS pou lwaye, epi apatman an kontinye fè pati apatman Souchapit B.

(b) Lè yon fwaye pa respekte kondisyon pwogram yo nèt, selon jijman Manm Komisyon an, li kapab renouvle patisipasyon fwaye a nan Pwogram CityFHEPS la si fwaye a bay rezon valab ki fè l pa konfòme ak kondisyon pwogram nan, dapre Atik 351.26 Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York.

(c) Selon disponiblite finansman an, si yo pa renouvle yon fwaye k ap resevwa èd CityFHEPS nan kad souchapit sa a, yo kapab restore fwaye a yon (1) lane aprè yo te kanpe l si li ranpli kondisyon pou renouvèlman an nan kad souchapit sa a nan moman li aplike pou retorasyon an, sof yo kapab restore yon fwaye yo te kanpe dapre seksyon 10-20(e) nenpòt lè si li ranpli kondisyon pou renouvèlman an nan kad souchapit sa a nan moman li aplike pou retorasyon an epi y ap kalkile montan èd CityFHEPS pou lwaye li a anwo zewo. Si gen plis pase yon (1) lane ki pase depi yo te kanpe fwaye a, yo kapab restore CityFHEPS li a sèlman pou yon rezon valab nan kad souchapit sa a.

(d) Manm Komisyon an ap detèmine elijiblite yon fwaye pou renouvèlman nan fen chak ane patisipasyon fwaye a nan pwogram nan nan kad chapit sa a, selon disponiblite finansman an. Anvan renouvèlman chak ane a, Manm Komisyon an ap rekalkile pèman èd CityFHEPS pou lwaye fwaye a dapre seksyon 10 a 18. Sof nan ka seksyon 10 a 20 prevwa, pèman èd CityFHEPS pou lwaye fwaye a p ap chanje pandan peryòd renouvèlman yon (1) lane a, kèlkeswa chanjman ki vin genyen nan konpozisyon fwaye a oswa nan revni li.

atik 10 a 20 Ajiste Montan Pèman Èd CityFHEPS pou Lwaye, Kanpe Pèman Èd pou Lwaye, epi Kanpe Pwogram lan Anvan Renouvèlman.

(a) Sou demann fwaye a, lè revni fwaye a chanje nan pwen pou kotizasyon debaz kliyan fwaye a ta diminye, Manm Komisyon an ap rekalkile montan pèman èd CityFHEPS pou lwaye a dapre seksyon 10 a 18.

(b) Si alokasyonabri PA fwaye a ogmante anvan renouvèlman an, sa ki fè total pèman èd CityFHEPS pou lwaye ak alokasyonabri PA a depase lwaye fwaye a, HRA dwe redui montan èd CityFHEPS pou lwaye a pou li egal ak diferans ant alokasyonabri PA fwaye a ak lwaye a.

(c) Manm Komisyon an ap kanpe pèman èd CityFHEPS pou lwaye nan non yon fwaye nan kad souchapit sa a si:

(1) Fwaye a kite apatman Souchapit B a;

(2) Apatman an pa fè pati yon apatman Souchapit B ankò; oswa

(3) Patisipasyon fwaye a nan CityFHEPS kanpe, epi fwaye a pa resevwa èd pèmanan ankò dapre seksyon 10 a 13(e), jan sa ye nan souchapit sa a dapre seksyon 10 a 23.

(d) Manm Komisyon an kapab kanpe patisipasyon yon fwaye nan Pwogram CityFHEPS la anvan renouvèlman an lè Manm Komisyon an detèmine fwaye a pa t konfòme l ak kondisyon ki nan seksyon 10-22 oswa li te refize konfòme l ak kondisyon sa yo san yon rezon valab.

(e) Manm Komisyon an ap kanpe patisipasyon yon fwaye nan Pwogram CityFHEPS la anvan renouvèlman an si montan èd pou lwaye fwaye a te nil pou plis pase yon (1) lane.

atik 10 a 21 Demenajman ak Referans pou Souchapit A CityFHEPS.

Pou rezon valab, HRA kapab bay otorizasyon pou yo kite yon apatman Souchapit B ale nan lòt apatman Souchapit B oswa pou yon referans pou yon lèt acha Souchapit A. Nan objektif seksyon sa a, rezon valab vle di lè yon apatman Souchapit B te pèdi oswa ap pèdi klasifikasyon li kòm apatman Souchapit B, oswa lè kantite moun ki gen nan fwaye a diminye akòz diferans ant lwaye a ak montan èd CityFHEPS pou lwaye a pi wo pase 40 pousan revni total brit fwaye a pa mwa.

atik 10 a 22 Kondisyon pou Fwaye a Respekte.

(a) Fwaye a dwe:

(1) Bay enfòmasyon ki egzat, ki konplè epi ki ajou konsènan revni ak konpozisyon fwaye a

(2) Bay dokiman sipò si sa nesesè pou verifye elijiblite li ak enfòmasyon ki nesesè pou detèmine montan pèman èd CityFHEPS pou lwaye a, lwaye maksimòm pa mwa a, ak tout kotizasyon ki obligatwa pou manm fwaye a peye; epi

(3) Fwaye a dwe dakò pou yo peye mèt kay la pèman èd CityFHEPS pou lwaye li a dirèkteman.

(b) Fwaye a dwe peye mèt kay la diferans ant montan pèman èd CityFHEPS pou lwaye a ak lwaye fwaye a, mwens tout alokasyon pou abri PA ak tout kotizasyon yon lòt enstans peye mèt kay la.

(c) Fwaye a dwe enfòme mèt kay la prese prese si revni total brit pa mwa fwaye a diminye oswa si gen chanjman nan kantite moun ki ap viv nan fwaye li a. Si fwaye a abite nan yon SRO epi li gen entansyon ajoute yon moun ki po ko gen 18 lane nan fwaye a, li dwe enfòme mèt kay la tousuit pou yo kapab bay fwaye a posiblite pou li chache jwenn otorizasyon pou li demenaje pou ale nan yon apatman ki apwopriye dapre seksyon 10 a 21.

(d) Si yo detèmine nenpòt nan manm fwaye a elijib pou abri HRA nan kad Atik 452.9 Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York, fwaye a pa dwe mete moun ki fè zak vyolans domestik ki fè yo detèmine li elijib la.

(e) Anplis, fwaye a dwe kopere ak Vil la san rezèv nan administrasyon Pwogram CityFHEPS la.

atik 10 a 23 Rankont pou Revizyon Ajans lan ak Pwosesis Rekou Administratif DSS.

Seksyon 10 a 13 antre nan souchapit sa a pa referans. Nan objektif souchapit sa a, nou konsidere tout referans a “CityFHEPS” oswa “Pwogram CityFHEPS” nan seksyon 10 a 13 kòm yon referans a pwogram souchapit sa a dekri a. Yon aplikan, yon rezidan nan abri, yon ansyen patisipan oswa yon patisipan ki nan pwogram nan aktyèlman oswa yon manm fwaye a kapab mande yon rankont pou revizyon ajans lan ak/oswa yon odyans administratif DSS pou chache jwenn revizyon nenpòt desizyon oswa aksyon yo pran nan kad souchapit sa a, ak tout desizyon yo te dwe pran yo pa t pran, oswa tout desizyon yo pa t pran atan pou fè aplike dispozisyon souchapit sa a jan seksyon 10 a 13 prevwa l la. Men, yo pa kapab itilize rankont pou revizyon

ajans lan ak pwosesis rekou administratif la pou konteste desizyon HRA pou klase yon apatman nan apatman Souchapit B oswa pou retire yon apatman nan apatman Souchapit B.

atik 12. *Nou modifye Soudivizyon (p) Atik 11-01 Chapit 11 Tit 68 Règ Vil New York yo konsa:*

(p) “Sanzabri ki nan lari” vle di moun ki[: (1) ap viv nan lari oswa yon kote yo pa rezève pou moun viv epi ki te resevwa] ki ap resevwa sèvis jesyon ka [pandan omwen 90 jou] yon pwofesyonèl ki ofri sèvis toupre yo bay apati yon kontra ak DHS; (2) te resevwa sèvis jesyon ka pandan omwen 90 jou yon pwofesyonèl ki ofri sèvis toupre yo bay apati yon kontra ak DHS nan yon sant akèy oswa yon lojman tranzisyon; oswa (3) te resevwa sèvis jesyon ka yon pwofesyonèl ki ofri sèvis toupre yo bay apati yon kontra ak DHS pandan yo t ap viv nan lari oswa yon kote yo pa rezève pou moun viv, oswa nan yon sant akèy oswa yon lojman tranzisyon, yo te mete yo nan yon lojman pèmanan epi aktyèlman y ap resevwa sèvis suivy].

atik 13. *Nou modifye Soudivizyon (a) ak (b) Atik 11-03 Chapit 11 Tit 68 Règ Vil New York yo konsa:*

(a) Pou yon fwaye elijib pou Chemen Lakay, li dwe ranpli kondisyon elijiblite sa yo:

(1) Fwaye a dwe ranpli kondisyon sa yo:

(A) Fwaye a abite nanabri DHS epi

(i) li benefisye yon pasaj nan yonabri kalifye jan soudivizyon (b) seksyon sa a defini l lan; oswa

(ii) li gen yon lèt acha CityFHEPS dapre [Seksyon] seksyon 10-04(c) [chapit] tit sa a;

(B) Fwaye a sanzabri nan lari; oswa

(C) Fwaye a gen yon moun yo te libere nan prizon Depatman Koreksyon Vil New York ki te pase yon bon tan deja nanabri DHS, epi Manm Komisyon an detèmine Chemen Lakay nesèsè pou evite moun nan retounen nan yonabri DHS.

(2) Fwaye a dwe gen yon revni total brit ki pa depase 200 pousan nivo federal povrete a jan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini detèmine sa chak ane;

(3) Si fwaye a p ap resevwa PA pou moman an, fwaye a dwe aplike pou tout èd ki disponib nan kad Pati 352 Tit 18 [Kòd Règ ak Règleman New York la] Kòd, Règ ak Règleman New York HRA detèmine fwaye a elijib pou yo.

(4) Tout manm fwaye a ki elijib pou PA dwe resevwa PA.

(5) Si nan moman an fwaye a abite nan yonabri DHS pou fanmi, fwaye a dwe elijib pouabri jan DHS detèmine sa dapre Pati 351 ak 352 Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York.

(6) HRA pa dwe te gentan fè pèman Chemen Lakay sou non fwaye a.

(7) Fwaye a dwe te idantifye yon fanmi akèy, ki se fanmi oswa zanmi fwaye a epi ki ap viv nan Vil New York, ki te dakò pou kite fwaye a abite nan rezidans li epi pou resevwa pèman HRA pa mwa sou non fwaye a ki pa depase montan ki nan tablo a nan [Seksyon] seksyon 11-04 [chapit sa a].

(8) Fanmi akèy la ak rezidans fanmi akèy la dwe ranpli kondisyon [Seksyon] seksyon 11-07(h) [chapit sa a].

(b) Pasaj nan Abri Kalifye ak Limit.

(1) Pasaj nan Abri Kalifye. Yon rezidan ki nan yonabri DHS pou fanmi ap kapab pase tan nan yonabri kalifye nan objektif seksyon 11-03(a)(1)(A)(i) si fwaye a te abite nan yonabri HRA oswa DHS pandan omwen 90 jou anvan otorizasyon an, san konte jou yo sote ki rive jiska dis (10) jou sivil. Yon rezidan ki nan yonabri pou granmoun k ap viv poukont yo ap kapab pase tan nan yonabri kalifye nan objektif seksyon 11-03(a)(1)(A)(i) si moun nan te abite nan yonabri HRA oswa DHS pandan omwen 90 jou nan 365 jou yo anvan otorizasyon an.

(2) Limit konsènan Pasaj nan Abri Kalifye. Manm Komisyon an kapab fikse yon dat pou pasaj nanabri kalifye a kòmanse, nan objektif [Seksyon 11-03(a)(1)(A)(i),] seksyon 11-03(b)(1), aprè yon evalyasyon konsènan kondisyon mache lojman, to itilizasyonabri, ak disponiblite finansman an, lè Manm Komisyon an detèmine yon dat limit nesesè pou kenbe pwogram nan aktif. Manm Komisyon an ka retire dat limit sa a aprè li fin analize kondisyon mache lojman yo, to itilizasyonabri yo ak disponiblite finansman an.

atik 14. *Nou modifye Soudivizyon (h) Atik 11-07 Chapit 11 Tit 68 Règ vil New York yo konsa:*

(h) Tout rezidans fanmi akèy dwe pase yon evalyasyon pou yo wè si l gen sekirite ak si moun kapab viv ladann. Anplis:

- (1) Si yon fwaye gen yon manm ki po ko gen dizuit lane, fanmi akèy la dwe sibi yon verifikasyon ki se, omwen, yon evalyasyon [tout enfòmasyon ki nan Rejis Santral Abi ak Move Tretman sou Timoun nan Tout Eta a konsènan tout manm fanmi ak] pou jwenn si yon manm fanmi akèy la gen yon antesedan konsènan pwoteksyon timoun nan Vil New York oswa si yo anrejistre li kòm yon delenkan seksyèl dapre Atik 6-C Lwa New York sou Koreksyon.
- (2) Si yon fanmi akèy gen yon moun ki po ko gen dizuit lane, fwaye a dwe sibi yon verifikasyon ki se, omwen, yon evalyasyon [tout enfòmasyon ki nan Rejis Santral Abi ak Move Tretman sou Timoun nan Tout Eta a konsènan tout manm fwaye ak] si yo jwenn yon manm fwaye gen yon antesedan konsènan pwoteksyon timoun nan Vil New York oswa si yo anrejistre li kòm yon delenkan seksyèl dapre Atik 6-C Lwa New York sou Koreksyon.

atik 15. *Nou ajoute yon nouvo soudivizyon (k) pou modifye Atik 11-07 Chapit 11 Tit 68 Règ Vil New York yo konsa:*

(k) Mari/madanm oswa patnè yon manm fwaye a, oswa papa/manman oswa bopè/bèlmè yon manm fwaye a ki po ko gen venteyen lane pa kapab fè pati fanmi akèy la. Yo kapab dispanse restriksyon sa a pou yon rezon valab.

NEW YORK CITY MAYOR'S OFFICE OF OPERATIONS

253 BROADWAY, 10th FLOOR

NEW YORK, NY 10007

212-788-1400

SÈTIFIKASYON / ANALIZ

DAPRE SEKSYON 1043(d) MANMAN LWA A

TIT RÈG LA: Modifikasyon Règ Pwogram Èd pou Lwaye

NIMEWO REFERANS: HRA-30

AJANS KI FÈ RÈG LA: Administrasyon Resouzimèn

Mwen konfime biwo sa a te analize pwopozisyon règ ki pi wo a jan Atik 1043(d) Manman Lwa Vil New York egzije sa, epi pwopozisyon règ pi wo a:

- (i) Fasil pou konprann epi li ekri nan yon langaj ki klè pou kominote yo reglemante apa;
- (ii) Diminye frè konfòmite pou kominote yo reglemante apa oswa pou kominote ki ann akò ak reyalizasyon objektif yo deklare nan règ la; epi
- (iii) Li pa prevwa peryòd antant paske li pa defini yon vyolasyon, modifikasyon yon vyolasyon, oswa modifikasyon sanksyon yo asosye ak yon vyolasyon.

/s/ Francisco X. Navarro

28 jiyè 2021

Biwo Operasyon Mè a

Dat

NEW YORK CITY LAW DEPARTMENT

DIVISION OF LEGAL COUNSEL

100 CHURCH STREET

NEW YORK, NY 10007

212-356-4028

SÈTIFIKASYON DAPRE

MANMAN LWA atik 1043(d)

TIT RÈG LA: Modifikasyon Règ Pwogram Èd pou Lwaye

NIMEWO REFERANS: 2021 RG 024

AJANS KI FÈ RÈG LA: Administrasyon Resouzimèn

Mwen konfime biwo sa a te analize pwopozisyon règ pi wo a jan Atik 1043(d) Manman Lwa Vil New York egzije sa, epi pwopozisyon règ pi wo a:

- (i) fèt pou atenn objektif dispozisyon legal yo otorize;
- (ii) pa nan konfli ak lòt règ ki ann aplikasyon;
- (iii) restren ase pou reyalize objektif li deklare yo sèlman, nan limit ki posib epi ki apwopriye; epi
- (iv) gen yon deklarasyon fondman ak objektif ki bay yon eksplikasyon aklè sou règ la ak kondisyon règ la enpoze, nan limit ki posib epi ki apwopriye.

/s/ STEVEN GOULDEN

Dat: 27 jiyè 2021

Konseye Jirdik Enterimè